Хэхыныгъэхэм жыджэру фыхэт!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№108 (24.702) • 2024 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 7, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек цIыхухэм зэрызахуигъаз

- ПщIэ зыхуэсщI си лъахэгъуэ! ФокIадэм и 8-м, тхьэмахуэ махуэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и депутатхэм я хэхыныгъэхэр екIуэкIынущ.

Фэ къэралым и пащхьэ щыфхь жэуаплыныгъэмрэ республикэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ къалэнхэр зэфIэхыныжьмрэ фызэрыхэлIыфIыхьыр иужьрей зэманым мызэ-мытIэу къэвгъэлъэгъуащ - къэралым и Конституцэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм, Къэрал Думэм и депутахэмрэ щIыпIэ самоуправленэм хэтхэр хэхыным, УФ-м и Президентым я хэхыныгъэхэр. Шэч къытесхьэркъым мызыгъуэгуми Парламентым иджы щылэжьэнухэр убзыхунымкIэ фи пщэрылъыр зэрывгъэзэщIэнум.

Иджырей щытыкIэм къытхуегъэув зэкъуэтыныгъэр, зэрыIыгъыныгъэр, республикэм, къэралым и гъащIэм жыджэру дыхэтыныр. Депутатхэм гулъытэ хуащIын хуейщ цIыхубэм я гуныкъуэгъуэхэм, псэ хьэлэлкIэ я лэжьыгъэм пэрытыпхъэщ. Абы къыхэкIыу Парламентым хэтынухэр егупсысауэ къыхэхын хуейщ. Республикэм Iэ яIэт хъуну ис мин 500-м щыщ дэтхэнэ зыми и еплъыкIэр кьигъэлъэгъуэным мыхьэнэ иIэщ.

Си фIэщ мэхъу фэ псоми а жэуаплныгъэ иныр зэрызыхэфщIэр, къэкIуэну илъэситхум къэрал мыхьэнэ зиIэ Iэхухэр зэфIэхыныр дзыхь зыхуэфщI партыр, кандидатыр фегупсысауэ къызэрыхэфхынур.

Хэхыныгъэхэм зи еплъыкIэхэр зэмыщхь парт зэмылIэужьыгъуэхэр хэтщ. Ауэ а псори зэрепх Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм яфI зыхэлъ Iэхухэр дэгъэкIыным.

Парламентым и депутатхэм я хэхыныгъэхэр зыхуей хуэзэу къызэгъэпэщыныр дэ, унафэщIхэм, ди пщэ дэлъщ. Ахэр екIуу екIуэкIын папщIэ тхузэфIэкI псори тщIэнущ, хабзэм къызэригъэувым тету. ХэхыпIэхэм хуиту, тыншу Iэ щаIэтын хуэдэу Iэмалхэр къыщызэрагъэпэщынущ, гуфIэгъуэ теплъэ иIэу екIуэкIынущ.

Ди республикэм ису пщIэ зыхуэсщIхэ, фыкъызогъэблагъэ фокIадэм и 8-м хэхыпIэхэм фыкъекIуалIэу фызыхуей кандидатыр къыхэфхыну.

УФ-м и Президентым къыхелъхьэ

2021 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м къыдэкIа «Урысей Федерацэм и субъектхэм властыр къыщызэгъэпэщынымкIэ я зэхуэдэ бгъэдыхьэкIэхэм я Iуэхукlэ» Федеральнэ законым и 23-нэ статьям и 8-нэ Iыхьэм къызэригъэувым тету, УФ-м и Президент Путин Владимир КъБР-м и Парламентым къыхилъхьащ КъБР-м и Iэтащхьэу щытынур кандидатищым къыхахыну:

Войтов Алексей Иван и къуэ - «Илар» ООО-м и унафэщIыр, КъБР-м и Парламентым и депутатыр;

КIуэкIуэ Казбек Валерий и къуэр - КъБР-м и Iэтащхьэр;

Шаваев Ильяс Паго и къуэр - КъБР-м щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министрыр.

КъБР-м и Конституцэм къызэригъэувымкIэ, КъБР-м и Iэтащхьэр хэзыхыр КъБР-м и Парламентым и депутатхэрщ.

Зэпэубыдащ Iуащхьэмахуэ лъапэ

УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Назаров Сергей Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэу иджыблагъэ жиIащ «Iуащхьэмахуэ» курортым мы гъэмахуэ мазищым къриубыдэу цIыху мин 266-м зэрызыщагъэпсэхуар, абыхэм ящыщу мини 105-м щIигъум - щыщхьэуIу закъуэм.

КАВКАЗ.РФ-м и унафэщI Юмшанов Андрей щIыгъуу абы зригъэлъэгъуащ «Iуащхьэмахуэ» курортым и «Мир» станцым пэгъунэгъу джабэ нэкIум лыжэкIэ къыщажыхьыным хуагъэхьэзыр щIыпIэм ехьэлIа лэжьыгъэхэр зэрекIуэкI щIыкIэр. Апхуэдэуи абы щызэхэтащ, бгы лыжэ курортым зегъэужьыныжьмкIэ щыIэ лэжьакIуэ гупым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек зи пашэм, я зэIущIэ. Абы къыщыхэщащ мы гъэмахуэ мазищым Кавказ Ищхъэрэм и «Iуащхьэмахуэ», «Архъыз», «Ведучи» курортхэм псоми зэхэту цIыху мин 417-м зэрызыщагъэпсэхуар. Ипэ ита илъэсым щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 15-кIэ ар нэхъыбэщ.

«Кавказ Ищхъэрэм и курортхэм гъэмахуэм турист куэд къакIуэ щIэхъуар абыхэм я инфраструктурэхэм иджырей мардэхэм тету жыджэру зэрызаужьырщ, щIыпIэ дахэхэм ухуэзышэ лъэс лъагъуэхэр зэрыпхрашырщ, спорт зэIущIэшхуэхэр зэрыщрагъэкIуэкIырщ, экологием ехьэлIа Iуэхугъуэ щхьэпэхэр, нэгъуэщI нэгузыужь Iуэхугъуэхэр къызэрыщызэрагъэпэщырщ.

Иужьрей илъэсхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, щIымахуэм ди курортхэм къакIуэ туристхэм я бжыгъэм кIэлъыщIыхьэжащ гъэмахуэм зыщызыгъэпсэхухэри», - жиIащ Назаров Сергей.

БлэкIа илъэситIым, гъэм и адрей мазэхэм елъытауэ, зыщхьэуIум Iуащхьэмахуэ лъапэ зыщызы-гъэпсэху туристхэм я бжыгъэр нэхъыбэщ. Мы гъэм курортым а зы мазэм къыхуеблэгъащ цIыху 105383-рэ, нэгъабэ ахэр мин 99-м нызэрыхьэсу щытауэ араш. Абы къыдэкIуэу, зы мазэм къриубыдэу «Iуащхьэмахуэ» курортым туристу зыщызыгъэпсэхуам и куэдагъымкIэ зыщхьэуIур гъатхэпэм ящ ищащ - мы гъэм а мазэм ди деж щыIащ цIыху 103378-рэ. Гъэмахуэ мазищым Iуащхьэмахуэ лъапэ махуэ къэс ику иту туристу мини 3,4-рэ къэкIуащ.

«Iуащхьэмахуэ цIыхур зэIэпызышэ, дэзыхьэх щIыпIэ телъыджэщ. ДыщогуфIыкI цIыхухэм ар ягу зэрыдыхьэм, къызэрыхахым. Ар къыдгурыIуэу, дэри яужь дит зэпытщ щIэ гуэрхэр къызэIутхыну, абыхэм я тыншыпIэ къахуэзэдгъэпэщыну, ирехъу ар лыжэкIэ къыщажыхь, е лъэс лъагъуэ, е нэгъуэщI щIэщыгъуэ зыгуэру.

Абы нэмыщI, цIыху куэд зэуэ къызэщIэзыубыдэ Iуэхугъуэшхуэхэри мыбдеж щызэхыдошэ. Псалъэм папщIэ, иджыблагъэ едгъэкIуэкIащ «Къурш къабзэ» экологие зэхуэсыр, цIыху мин 1,5-рэ къызэкIуэлIар. Ар яфIэщIэщыгъуэу абы хэтащ Сахалин нэс къикIахэри, Къэзахстаным и лыкIуэхэри. «Alpindustria Elbrus Race» - къызэдэжэнымкIэ фестивалми хэтащ спортсмену мини 2,5-рэ.

Иджыпсту ди кIапсэ гъуэгухэр щIымахуэм худогъэхьэзыр. Абы къыдэкIуэу, лэжьыгъэшхуэхэр щокIуэкI «Мамсон», «Ведучи» курортхэми», - жиIащ Кавказ.РФ-м и унафэщI Юмшанов Андрей.

«Илъэс хъурейкIэ зыщыбгъэпсэху хъу турист-рекреацэ комплексу «Iуащхьэмахуэ» курортыр зэтеублэныр къэрал мыхьэнэ зиIэ пэхуэщIэ ехьэжьахэм ящыщщ, абы къадэкIуэу, ар шэсыпIэ хуэхъунущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и туризм IэнатIэ псом зыужьыныгъэ игъуэтыным. Ди деж къакIуэ туристхэм я бжыгъэм къызэрыхэхъуэм и фIыгъэкIэ, долъагъу, хьэрычэтыщIэхэми лэжьыгъэ къазэрыхукъуэкIыр, абы кърикIуэу, республикэм и щIыналъэ валовэ продуктым туризм IэнатIэми и Iыхьэ егъакIуэ.

2018 гъэм республикэм и туризм IэнатIэм Iуэхутхьэбзэу цIыхухэм яхуищIар сом зы мелард и уасэщ, иужьрей илъэсихым хуэдэ 13-м щIигъукIэ абы хигъэхъуащ, щIыпIэ бюджетым ягъакIуэри нэхъыбэ хъуащ.

Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и инфраструктурэм зегъэужьыным ехьэлIауэ куэд ящIэ. ФIыщIэ ин яхуэсщIынут УФ-м и Правительствэм, Кавказ.РФ-м республикэр къызэрыдаIыгъым папщIэ, абы и фIыгъэкIэ, ди цIыхухэм я псэукIэри йофIакIуэ, псом нэхърэ нэхъыщхьэри араш», - жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Журналист зэдэлэжьэныгъэ

Ди зэпыщIэныгъэхэр едгъэфIакIуэу

КъБР-м, КъШР-м, Адыгейм ис ди лъэпкъэгъуэхэр куэдкIэ зэпыщIащ, зэкъуэшыныгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ ялэ ирагъэщу къызэдогъуэгурыкIуэ. Илъэс 30-м щIигъуащ «Адыгэ псалъэ», «Черкес хэку», «Адыгэ макъ» газетищыр зэрызэдэлажьэрэ, къэбэрдейхэм, хьэжрэтхэм, кIахэхэм я хъыбар зэIэпах, Iуэхукlэ зэрощIэ.

ИДЖЫБЛАГЪЭ а зэпыщIэныгъэм зрагъэужьри, «Журналист зэдэлэжьэныгъэ» проектыр ирагъэжьащ адыгэ газетищым. Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и журналист, «Адыгэ макъ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Тау Замирэ си гъусэу тхьэмахуэкIэ дыщылэжьащ къуэш редакцэм, зэдгъэцIыхуащ КъШР-м ис цIыху цIэрыIуэхэмрэ IэпщIэлъапщIэхэмрэ, щIэныгъэм, гъуазджэм, щэнхабзэм, псэукIэм зезыгъэужь ди лъэпкъэгъуэхэм дахуэзащ.

«Черкес хэку» газетым и редакцэм щылажьэхэм я пщэдджыжь зэIущIэм дыщIэса нэужь, дыIуагъэщIащ Къэрэшей-Шэрджэсым лъэпкъ IуэхухэмкIэ, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмрэ печатымкIэ и министр Есенеев Мурат *(сурэтым).* Абы гуапэу дригъэблэгъащ икIи жиIащ зи ужь дихьа проектым сэбэпынагъ куэд къызэрыпэкIуэнур, ар КъШР-м къызэрыщыщIадзам зэрыщыгуфIыкIыр. Апхуэдэуи лъэпкъыбзэхэмкIэ нобэ къыдэкI газетхэм я къалэн нэхъыщхьэм зэрызихъуэжар, нэхъапэм ахэр хъыбарегъащIэ Iэмал къудейуэ щытамэ, иджы лъэпкъым и хъумакIуэу къызэралъытэр, ар къыдгурыIуэу зэманым дыдэбэкъуэн зэрыхуейр, печать Iуэхур бжыгъэхэр зи лъабжьэ Iэмалым хуэгъэкIуэнымкIэ адыгэхэр ялэ дызэрищыпхъэр, «Яндекс» хъым адыгэбзэри зэ теIэбэгъуэкIэ тэрмэш ищIыфу гъэпсын зэрыхуейр.

Есенеев Мурат ди гукъыдэжыр къыддиIыгъри, дызыхуежьа Iуэхум нэхъри дытригъэгушхуащ. КъШР-м и къалащхьэми, адыгэ нэхъыбэ зыдэс жылэхэми дыщыIащ а махуэ бжыгъэм къриубыдэу, куэдым дахуэзащ, зэдгъэцIыхуащ, интервью къеIытхащ, Iуэхур нэхъ зытегъэщIауэ щыта «Черкес хэкум» и илъэси 100-м гулъытэ хэха хуэтщIащ. А псори «Адыгэ псалъэм» и нобэрей къыдэкIыгъуэм и 3 - 12-нэ напэкIуэцIхэм щызэхуэтхьэсауэ фи пащхьэ идолъхьэ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ,
Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист.

Курск областым доIэпыкъу

Дзэ Iуэху хэхам и зы Iыхьэу щыт, Курск областым щекIуэкI зэпэщIэтыныгъэм имыгъэпIейтей куэд щыIэ къыщIэкIынкъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ псапащIэхэм гугъуехьыпIэм ит цIыхухэм ерыскъы хурагъэшащ иджыблагъэ.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и унафэкIэ щIэуэ псапэхуэщIэ хьэпшыпхэр зэхуахьэсри Курск областым щыпсэухэм хурагъэшащ. Хьэлъэзешэхэм ирашэжьащ пIалъэ кIыхькIэ зэмыкIуэкI ерыскъыхэкIхэр: хьэжьгъэ, кIурпIа, сэхуран дагъэ, пыченэ, къинэмыщIхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэр ялъэIэс зэпытщ Курск областым и Правительствэм икIи зэрыдэIэпыкъуфыну лъэныкъуэ псоми щыгъуазэщ. Зэрызагъэкъабзэ хьэпшыпхэмрэ псы къабзэрэ зыхэта адрей псапэхуэщIэхэм емыщхьу, Курск областым ирагъэшам гулъытэ нэхъыбэ ерыскъым щыхуащIащ: хадзэкIхэр, макаронхэкIхэр, шей, фошыгъу, шыгъу хуэдэхэр нэхъыбэу. Ахэр езышэжьа машинэхэр нэгъэсауэ зэгъэпэщауэ гъуэгу техьащ.

● Оперштабым къет

Сакъыну къыхураджэ

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабым Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и VII зэхуэсыгъуэм и депутатхэм я хэхыныгъэр щекIуэкIкIэ республикэм щыпсэухэмрэ и хьэщIэхэмрэ къыхуреджэ набдзэгубдзаплъэу щытыну, терроризмэм зыщыхъумэнымкIэ хабзэхэр ягъэзэщIэну:

- къыззрымыкIуэ щытыкIэ къэхъуныр къызрикIуэнкIэ икIи къызэхуэсахэмкIэ шынагъуэ къэзышэнкIэ хъуну Iуэху фымылэжь;
- автотранспортыр абы хухэха щIыпIэхэм щывгъуэв;
- шэч гуэр фэзыгъэщI хьэпшып е автомашинэ фрихьэлIамэ, апхуэдэуи терракт ялэжьыным, какъуэ пкъыгъуэрэ Iэщэрэ зыгуэрхэм зэраIыгъым, щIэпхъаджагъэ ялэжьыну зэрызагъэхьэзыным пыщIауэ щытынкIэ хъунухэм ятеухуа хъыбар къыфIэрыхьамэ, хабзэхъумэ органхэмрэ апхуэдэ Iуэхухэр зэхэзыгъэкIыну зи кьалэн Iуэхущ1апIэхэмрэ икIэщIыпIэкIэ хъыбар евгъащIэ;

– хабзэхъумэ органхэм я лIыкIуэхэмрэ цIыху куэд щызэхуэс Iуэхухэр щрагъэкIуэкIкIэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныр зи пщэрылъ нэгъуэщI лэжьакIуэхэмрэ хабзэм ипкъ иткIэ къыфхуагъэувхэр вгъэзащIэ.

КъаIэрыхьэ сыт хуэдэ хъыбарри нэгъэсауэ къапщытэнущ, кърагъэщIа хъыбар псоми ехьэлIа зыхуэфащэ Iэмалхэр къагъэсэбэпынущ цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным хуэунэтIауэ.

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабым шэч зыхуащIым ехьэлIа хъыбар кьаIэрызыгъэхьахэр хэтми хэIущIыIу ищIынукъым, апхуэдэуи республикэм щыпсэухэм фIыщIэ яхуещI я лэжьыгъэр зэрызэхащIыкIым папщIэ.

«Линэ пщтыр» телефонхэр:

- Урысейм и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм - 48-15-81 (дзыхь зрагъэз телефон);
- КъБР-м щыIэ МВД-м и - 40-49-10 (плъыр часть), 49-50-62 (дзыхь зрагъэз телефон);
- УФ-м Следствиемкlэ и комитетым Следствиемкlэ и управленэу КъБР-м щыIэм - 77-64-22 (дзыхь зрагъэз телефон);
- Урысейм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм - 39-99-99 (плъыр часть).

Iухыжыгъуэр щIагъэхуабжьэ

Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ Патрушев Дмитрий иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ къэралым и мэкъумэш-промышленнэ комплексыр и кьалэнхэм зэрехъулIэ щIыкIэмрэ губгъуэ лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIымрэ теухуа зэIущIэ.

«КЪЭРАЛЫМ и щIыналъэхэм я мэкъумэшыщIэхэр пэрыхьащ гъавэщIэр къехьэлIэжьыным ехьэлIа лэжьыгъэхэм. Иджыпсту гъавэу кьрахьэлIэжащ тонн мелуан 93-рэ, абы щыщу тонн мелуан 70,5-р гуэдзу. Хьэкъщ, мы гъэм псори зэхэту зэщIакъуэжыну гъавэм и куэдагъыр дунейм и щытыкIам елъытауэ зэрыщытынур. Ауэ, дауэ хъуми, УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм зыхуигъэувы-жа кьалэным - гъавэу тонн мелуани 132-рэ къехьэлIэжьыным - хущIэкъунущ», - жиIащ Патрушев Дмитрий.

Гъавэ Iухыжыгъуэм нэхъралым и дэнэ щIыпIи щоужьэрэкI. 2025 гъэм екIуэкIыну губгъуэ лэжьыгъэхэм ятеухуауэ Патрушев Дмитрий къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ къэралым къыщагъэкIа жылапхъэхэм хуэкIуэжын зэрыхуейр. ИкIи абы и лъэныкъуэкIэ ехъулIэныгъэ хъаржынэхэри щыIэщ. Псалъэм папщIэ, бжьыхьэсэ гъавэу мы гъэм кърахьэлIэжам и процент 90-м щIигъур къэралым и жылапхъэхэм къатащ.

ВидеоIэмал зэпыщIэныгъэхэр кьигъэсэбэпу Патрушев Дмитрий иригъэкIуэкIа зэIущIэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Сыжажэ Хьэсэн.

Иджыпсту республикэм къыщрахьэлIэж нартыху жылапхъэр, сэхураныр, соер, хадзэкIхэр, кIэртIофыр, пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэхэмрэ. Дызэрыт илъэсым и мазиблым къриубыдэу щыналъэм и мэкъумэш IэнатIэхэм продукцэу къыщIагъэкIащ сом мелард 24,4-рэ я уасэ е процент 104,1-кIэ нэгъабэрей бжыгъэхэм хуэкIуэу. Апхуэдэуи дызэрыт илъэсым и щIышылэ - бадзэуэгъуэ маззэм ерыскъыхэкIрэ псыхэкIыу къыщIагъэкIам и куэдагъым хэхъуащ.

Гъавэу кьрахьэлIэм и куэдагъым хагъэхъуэн мурадкIэ, республикэм лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкI. Абыхэм ящыщщ псы зыщIагъэлъадэ щIыр нэхъыбэ зэращIыр. «Дунейпсо кооперацэмрэ экспортымрэ» лъэпкъ пэхуэщIэм хьихьэу лажьэ «АПК-м и продукцэр хамэ къэралхэм яхуегъэшэн», «Мэкъумэшым хухаха щIым и нэхъыбэм псы щIагъэлъадэу Iуэхур зэтеублэн» федеральнэ пэхуэщIэхэм япкъ иткIэ дызэрыт илъэсым зэрыщIидзэрэ гектар мини 2,4-рэ абы къыхагъэхъуащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Мы махуэхэм

ФокIадэм и 7, *щэбэт*

♦Хьэуа къабзэм и дунейпсо махуэщ

♦Iэщэхэм ещхь зэрыджэгу сабий хьэпшыпхэр гъэкIуэдыжьым и дунейпсо махуэщ

♦1928 гъэм ГуащIэдэкI Бэракъ Плъыжь орденыр къащтащ.

♦1940 гъэм къалъхуащ Абхъаз къэрал университетым и ректор, ЩIДАА-м и академик, физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Гварамие Алекэ**.

♦1949 гъэм къалъхуащ Урысей Федерацэм, Адыгэ Республикэм щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ЩIДАА-м, МАИА-м, АПСН-м я академик, педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **КIэрмытI Къазбэч**.

♦1955 гъэм къалъхуащ къэрал, политикэ лэжьакIуэ, КъБР-м и Шэджэм районым и унафэщIу щыта **Ахъуэхъу Къанщобий**.

Дунейм и щытыкIэнур

«Pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщIешхынущ. Хуабэр махуэм градус 19, жэщым градус 16 щыхъунущ.

ФокIадэм и 8, *тхьэмахуэ*

♦ЩIэныгъэ зэгъэгъуэтыным и дунейпсо махуэщ

♦Журналистхэм я зэкъуэтыныгъэм и дунейпсо махуэщ

♦Урысейм и Дзэ щIыхьым и махуэщ - Кутузов Михаил зи унафэщI урысеидзэм Бородино и деж щригъэкIуэкIа зауэшхуэм и махуэщ

♦Финансистым и махуэщ

♦1958 гъэм къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ, КъБР-м и Парламентым и депутату щыта **Къандэхъу Мухьэмэд**.

♦1962 гъэм къалъхуащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КIэдэкIуей Аслъэн**.

Дунейм и щытыкIэнур

«Pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщIешхынущ. Хуабэр махуэм градус 20, жэщым градус 16 щыхъунущ.

ФокIадэм и 9, *блыщхьэ*

♦Дахагъэм и дунейпсо махуэщ

♦1882 гъэм къалъхуащ адыгэ джэгуакIуэ **Щхьэлахъуэ Алий**.

♦1942 гъэм къалъхуащ шапсыгъ сурэтыщI, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и художник **Хьэпышт Хьисэ**.

♦1946 гъэм къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр **Мысрокъуэ Мухьэмэд**.

♦1969 гъэм къалъхуащ адыгэ сурэтыщI **Гъуэгунокъуэ Мурат**.

Дунейм и щытыкIэнур

«Pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 24-рэ, жэщым градус 18 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
БАГЪЭТЫР Луизэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Уэшх блэкIам щIакIуэ кIэлъумыщтэж.

● Хъыбар гуапэ

Хьэмыз Руслан ягъэлъапIэ

Иилъэситl ипэкIэ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием хагъэхьауэ щытащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием Геохимиемрэ аналитикэ химиемкIэ и институтым, Вернадский В. И. и цIэр зезыхьэм, и унафэщI, физическэ химиемкIэ дунейм щынэхъ цIэрыIуэ IэщIагъэлIхэм ящыщ Хьэмыз Руслан. И унагъуэр и гъусэу щIэныгъэлIыр Налшык зэрыщыхьэщIэр къагъэсэбэпри, Академием и ЩIыхь тхылъымрэ бгъэхэIу дахэмрэ гуфIэгъуэ щытыкIэм иту Руслан иратыжащ.

ЩIДАА-м и щIэныгъэ секретарь нэхъыщхьэ, биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м и Парламентым и депутат Щхьэгъэпсо Сэфарбий къызэрыхигъэщамкIэ, Кавказ Ищхъэрэм щыщу Хьэмыз Руслан хуэбгъэдэн щIэныгъэлI щыIэкъым. Абы и щыхьэтщ Геохимиемрэ аналитикэ химиемкIэ институт Москва дэтым ипэ дыдэу Кавказым щыщ и унафэщI зэращIар. Щхьэгъэпсом къызэрыхигъэщамкIэ, ЩIДАА-м и президент, сенатор Къанокъуэ Арсен и гуапэ хъуащ Къармэхьэблэ къыдэкIа щIалэр Адыгэ Академием зэрыхьар.

ГуфIэгъуэ зэIущIэм хэтащ «Радий» Iуэхущ1апIэм и генеральнэ унафэщI, «Телемеханика» заводыр къэзыщэжужа Къуэн Мухьэмэд, КъБКъУ-м и химик цIэрыIуэхэр, ЩIДАА-м и академик, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор БакIуу Хьанджэрий, Хьэмызым и шыпхъу, ЩIДАА-м и член-корреспондент, культурологиемкIэ кандидат Щауэцыкlу Людмилэ, Руслан и къуажэгъуэхэр, и благъэхэр, журналистхэр.

Щхьэгъэпсо Сэфарбий �щIДАА-м и дипломымрэ бгъэхэIумрэ Хьэмызым иритыжри, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей академием хэт Щоджэн Iэсхьэд томитI хъу и «Адыгэхэр» тхылъымрэ нэгъуэщI къыдэкIыгъуэхэмрэ тыгъэ хуищIащ.

БЛИЙ Даянэ.
Сурэтыр
Къарей Элинэ *трихащ.*

● УФСБ-м къет

Илъэси 10 тралъхьащ

Наркотикхэкlхэр хабзэншагъэкIэ игъэкIыныр къызэпыудыным пыщIа къэлъыхъуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу, Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм къыщIагъэщащ илъэс 30 зи ныбжь прохладнэдэс Быстров Д.П. республикэм афиянхэкIхэр щигъэкIыным зэрыпыщIар.

АБЫ къытрахащ ищэну и мурада «героин», «метадон» наркотикхэкI грамми 146-м щIигъу.

КъБР-м и Прохладнэ район судым и унафэ къару зыгъэуэтамкIэ Быстров Д.П. къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 30-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, 228.1-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм япкъ иткIэ. Абы илъэси 10 тралъхьащи, тезырхэр ткIийуэ щрахьэкI колонием щигъэкIуэнущ.

ЗыщIэгупсысыжыну зэман яIэщ

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм, Iулъхьэ тын-къеIыхным пэщIэт къэлъыхъуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу, къызэпаудащ Урысей МВД-м Лэскэн районым щиIэ къудамэм и лэжьакIуэхэу Жанэ Э. А., Даур З. З. сымэ ялэжь хабзэншагъэр.

ЗАРАУБЗЫХУАЩИ, зи цIэ къитIуахэм гъунэгъу щIыналъэм щыпсэум хуагъэлъэгуащ, ахъшэ хъаритмэ, уголовнэ жэуапым ирамышалIэу и Iуэхур хузэфIахыну.

Аруан район судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ, Жанэ Э. А., Даур З. З. УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям къыщыхьа щIэпхъаджагъэр зэралэжьамкIэ къуаншэу къалъыащ. ЯмыгъэтIысу илъэситI тралъхьащи, зыщIэгупсысыжыну зэман яIэщ.

ФІым кІэ иІэкъым

Адыгэ зэрыс хэгъэгуищым къыщыдэкІ газетхэм я зэдэлэжьэныгъэр къыщежьар нобэкъым. Блэкіа илъэсищэм кІриубыдэу лъэпкъым ифІ зыхэлъ Іуэху куэд зэфІагъэкІащ, иджыри адыгэбзэм и хъумакІуэ нэхъыщхьэ дыдэу нобэ тІэщІэлъ Іэмэпсымэр газетыр зэрыарар къыхегъэщ Шэрджэс Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ АСЛЪЭН Алий:

- ХУАБЖЬУ гуапэ сщыхъуащ «Черкес хэкум», «Адыгэ псалъэм», «Адыгэ макъым» иджы зэдаубла проектыщІэм и хъыбарыр. Ар хъыбар къудей мыхъуу, Іуэхур ди республикэм къыізэрыщыщІадзам ущымыгуфІыкІынкІэ Іэмал иІэкъым. Адыгэ Іуэхум сыт щыгъуи жыджэру хэт, КъШР-м щІыхь зиІэ и журналист, «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ Абидокъуэ Люсанэ хуабжьу гурэ псэкІэ пэрытщ къалэн къыщащІа республикэ газетыр зыхуей хуэзэу къыдэгъэкІыным. А псом нэмыщІи, мы гъэм жэуаплыныгъэшхуэ хэлъу «Черкес хэкум» и илъэси 100-р ирегъэкІуэкІ. Абы теухуа дауэдапщэхэм хэту къуэш республикэм и журналистхэр кьригъэблэгъащ икІи абыхэм лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкІуэкІам дыкІэлъыплъащ.

Си гуапэ мэхъу редактор нэхъыщхьэхэми журналистхэми адыгэ газетхэм къадэгъуэгурыкІуа хабзэр ирагъэфІэкІуэну хуейуэ, лэжьыгъэм щІэщыгъуагъ халъхьэмэ яфІэфІу, мы проектыр гъащІэм зэрыхапщэр. ФІым кІэ иІэкъым. Абы кІрикІуэну щхьэпагъ псори гъунэншэщ. Дэ щІыналъэ зэпэщхьэхуэхэм дис щхьэкІэ дызылъэпкъщ, зы хабзэ, зы бзэ, зы щэнхабзэ зетхьэу, зэхуэдэу дыгупсысэу, зэкъуэшныгъэ ди зэхуаку дэлъу. Газетхэм ар нобэ нэхъри наІуэ къызэращІыр, ди хъыбархэр хэгъэгухэм зэрыщаІуатэр, журналистхэр я лэжьыгъэм и пІалъэкІэ зэрызэхъуажэр куэд и уасэщ. Нэхъыщхьэращи, мы лъэбакъуэм нэхъри нэхъ гъунэгъу дызэхуищІынущ, газетхэм я Іулыджыр къиІэтынущ, лъэпкъ зэхэщІыкІым и кІууагъыр кІигъэлъэгъэнущ.

Псори дызыхуэлажьэр адыгэ лъэпкъращи, сыт хуэдэ Іуэхущ кърахьэжьэми, япэ диту дыхэтынущ, дадэІэпыкъунущ.

ДАУР Жэхьфар:

Газетхэр зэдэлажьэмэ, анэдэлъхубзэри хъума хъунущ

Адыгейм къикІа си лэжьэгъу Тау Замирэрэ сэрэ хуабжьу цІыху гъэщІэгъуэн дыщыхуэзащ «Черкес хэку» газетым и редакцэм. И цІэр куэдрэ зэхэтхами, и щхьэкІэ гъунэгъуу тцІыхуртэкъым Даур Жэхьфар. Арагъэнщ къызэрыщІыхьэу ди упщІэхэр чэзуэ щІытеткІутар.

Даурыр журналистщ, тхакІуэщ, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэщ, Къэрэшей-Шэрджэсым щІыхь зиІэ и журналистщ, Совет Союзым и ТхакІуэхэм, Журналистхэм я зэгухьэныгъэхэм хэтщ. Езыр илъэс 94-рэ хъу дадэ жыджэрщ, абы щыщу илъэс 52-м газетым щылэжьащ.

Жэхьфар Хъумэрэн ЦІыкІукІэ зэджэ жылэм 1931 гъэм щІышылэм и 6-м къыщалъхуащ. Абы пэщІэдзэ еджапІэт дэтри, я гъунэгъу ПсэукІэ Дахэ къуажэм классиблыр къыщиухащ. 1954 гъэм дзэм къулыкъу щищІэну ираджэу, а къалэныр щІыхь пылъу зэфІигъэкІыу къыщигъэзэжам, «Черкес пэж» газетым ирагъэблэгъащ. Мис абы щыгъуэм зэрылэжьа тхылъым иратхащ «1957 гъэм газетым къащтащ», етІуанэу абы итыр: «2009 гъэм Іукіыжащ». НэгъуэщІу жыпІэмэ, илъэс 52-рэ адыгэ газетым иритащ, апхуэдиз илъэскІи и лъэпкъым, республикэм, Урысейм хьэлэлу яхуэлэжьащ.

Зэрылажьэм хуэдэурэ, Къэрэшей-Шэрджэс къэрал педагогикэ институтыр къиухыжащ. Журналист Іэщ Іагъэ мытыншым нэхъри хуэІэижь хъун папщІэ, партым и Къэрэшей-Шэрджэс обкомым и унафэкІэ 1967 гъэм Ленинград парт еджапІэм ягъэкІуащ икІи ар щытхъу иІэу кърихьэлІащ.

Жэхьфар и гуащІэ зыхилъхьар адыгэ газетым и закъуэкъым, атІэ Кавказ Ищхъэрэм, Урысейм къыщыдэкІ газетхэми ядэлэжьащ. Ар Хэку зауэшхуэм и ветераншц.

НэщІэпыджэ Замирэ: **Жэхьфар, Даурхэ Къэрэшей-Шэрджэсми, Къэбэрдей-Балъкъэрми, Адыгеими щопсэу. Адыгэщ, гурыІуэгъуэщ, ауэ Осетие Ищхъэрэ-Аланием ис Даурхэр дэнэ къыздикІар?**

- Дыдейщ! Дэ осетин нысэ диІащ. Абы и щхьэгъусэр Къущхьэхъуэкіэ мэзгъауэ кІуауэ, жыг къытехуэри иукІати, нысащІэм и дэлъхуихыр къакІуэри, ди нэхъыжьхэм къелъэІуауэ щытащ, кхъыІэ, сабийхэр и гъусэу ди шыпхъур дывгъэшэж жаІэри. ЩІалитІрэ хъыджэбзитІрэ иІэт. Хуит ящІри, ирагъэшэжауэ щытащ. Мис абыхэм къатекІащ осетин Даурхэр. Дэ абыхэм дакІэлъокІуэ икІи догъэкъуэш. Абы нэмыщІ, Абхъазми щопсэу Даурхэ, унагъуэ 20 хуэдиз мэхъу. Адыгэхэри куэд дохъу, цІыху 202-рэ Хэку зауэшхуэм ягъэкІуауэ щытащ, цІыху 75-рэ хэкІуэдащ.

Тэу Замирэ: **Жэхьфар, илъэс 52-рэ ущылэжьагъ мы редакцием, редактор нэхьыжъэу иІэгъэ пстоури къэптхыжьыгъ. Ахэм ащыщу э хэт уздэлэжьагъэхэр?**

- Сэ 1957 гъэм дзэм сыкъикІыжауэ, си малъхъэм сыкъыщІишэри, редактор нэхъыщхьэ Гъуэщокъуэ Хъусин деж дыкъыщІыхьащ. Ахъшэ дыщыщІати, гонорар тІэкІу къэзлэжьын мурадкІэ (мэдыхьэшх). Урысыбзэкіэ зы тхыгъэ къызатри, адыгэбзэкіэ зэздзэкІауэ щытащ. Абы щыгъуэм занщІэу сыкъащтат. Сылэжьэху редактори 7 зэсхъуэкІащ. Гъуэщокъуэм иужькІэ, Хъытіу Сэйдин, Аслъэныкъуэ Пщымырбий, Шурдым Кушыку, Къардэн Мухьэмэд, Дэбагъуэ Мухьэмэд, иужьрейр Тхьэгъэпсэу Увжькъуэт. Лэжьыгъэшхуэ езгъэкІуэкІащ, илъэсищэм кІриубыдэу газетым и редактору щыта цІыху 24-м сатетхыхьын щхьэкІэ, Москва, Ставрополь архивхэм сыщыІащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, гууз куэд къыщызгъэтащ абы, редактори 8-р репрессием ихьащ, 5-р дашри яукІащ, зы къуаншагъэ ябгъэдэмылъу. ИужькІэ захуэу къалъытэжат ахэр, ауэ цІыхухэр щыІэжтэкъым. «У истоков черкесской журналистики» тхылъыр мис а редактор 24-м я гъащІэмрэ я гуащІэмрэ теухуащ. Абидокъуэ Люсанэ 25-нэ редакторщ, срогушхуэ ар къыщыувагъащІэм си гъэсэну зэрыщытам.

НэщІэпыджэ Замирэ: **Жэхьфар, зэрыжаІэжьымкІэ, журналистикэр цІыхухъу Іэщ Іагъэу щытащ, мащІэт нэхъапэм цІыхубзу къахьхьэр. Иджы зихъуэжащ, дэ цІыхухъуу къыддэлажьэр мащІэ дыдэщ. Сыт а зэхъуэкІыныгъэм и щхьэусыгъуэр?**

- Зыщ абы и щхьэусыгъуэр, цІыхухъухэм унагъуэр ягъэпсэун щхьэкІэ, улахуэ нэхъыбэ къыщалэжьыну Іэнатіэхэм кІуэн щІадзащ, ауэрэ редакцэм къэмыкІуэххэ хъуащ. Иджыпсту газетми тхылъми дихьэхыжьыркъым цІыхухъухэр, хьэрычэт Іуэхум ратащ. ЦІыхухэракъым ар зи лажьэр, зэманыр апхуэдэу хъуауэ аращ. Журналистикэ Іэщ Іагъэр цІыхубзэхэращ иджыпсту зейр.

Тэу Замирэ: **«Черкес хэкур» цыхьэ фэшъушІи, бзылъфыгъэм Іэкіэшъулъхьагъ...**

- Люсанэ япэ дыдэу лэжьакІуэ къыщыувам жысІат мы хъыджэбзыр жыжьэ зэрынэсынур. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, занщІэу тхыгъэфІхэр и Іэдакъэ къыщІэкІащ. ЦІыхухэр къэпсэлъэн щІадзащ, «Люсанэ евгъэтх», - жаІэу, «итхар хъуащ», - жаІэу. А «Адыгэ псалъэм» нэкІуэжа Ширдий Марини мис апхуэдэу къыздэлэжьащ сэ. ЦІыху губзыгъэщ, и къэухьыр инщ.

Сыт жыпІэжын, редакцэм щылажьэ адыгэ пщащэр Іуащхьэмахуэ дэкІуеямэ?! Абы теухуа тхыгъэ стхыри къэсхьащ, ауэ адыгэбзэми, урысыбзэми хэткъым абы и лІыгъэр къызэрыбгъэлъэгъуэфын псалъэ.

Гуп хъарзынэщ Люсанэ и унафэм щІэтыр. Тхыгъэ гъэщІэгъуэнхэр къытрадзэ. Абы къищынэмыщІауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм къыщыдэкІ адыгэ газетхэм зэрадэлажьэр хуабжьу щхьэпэщ, абы кьрагъэхьхэр ди газетым къытохуэри, шэрджэхэр щыгъуазэ мэхъу я къуэшхэм я щыІэкІэ-псэукІэм. Къапщтэмэ, мы номер зэхэтхэр къыдэгъэкІын щІамыдзэ щІыкІэ, си тхыгъэхэр незгъэхьын щІэздзат фи республикэхэм икІи къытрадзэрт. ИтІанэ редакторхэр зэхуэсауэ, сэри сыщІэсу, а Іуэхур къыщаІэтым, яжесІащ къэдублэн зэрыхуейрэ куэд зэрыщІар.

НэщІэпыджэ Замирэ: **Газет лэжьыгъэм нэмыщІ, тхылъ куэд уи Іэдакъэ къыщІэкІащ. Сэ сиІэщ уи тхылъхэм ящыщ, лъэныкъуэ куэд къызэщІаубыдэ...**

- Адыгэбзэкіи урысыбзэкіи къыдэкІахэр зэхэту къапщтэмэ, тхылъ 26-рэ мэхъу. Газет Іуэхум дыщытепсэлъыхькІэ, «ЛъэпкъитІым я къуэ» тхылъым и гугъу фхуэсщІынщ. Хьэгъундыкъуей щыщ Къардэн Нану Невинномысск станицэм кІуауэ урыс щІалэ ибэ цІыкІу кьигъуэтри, къуэ ищІауэ щытащ. Ар балигъ хъури, «Черкес хэку» газетым и редактор хъуат. Езы Хьэсанэ и къекІуэкІыкІам щытетхыхьыжкІэ, сытым дежи зэрыурысыр итхырт. ИужькІэ, абы и къуэ Къардэн Мухьэмэди лэжьащ ди газетым и редактор нэхъыщхьэу. Мис а Хьэсанэ тезуху тхылъыр Саратов къикІа профессорым естри, здзгъэхьауэ щытащ, и благъэхэр бгъуэтмэ етыж жысІэри. Арщхьэкіэ, Саратов и библиотекэм иритри, абы тхылъым и презентацэ щащІауэ щытащ.

Илъэсибл школ фІэкІа къимыуихауэ, адыгэ газетым и редактор ящІа урыс щІалэм и гъащІэр лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм и щыхьэт нэст. ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ щрикъум ирихьэлІэу «ЛІыхъужьыгъэм и гъуэгукІэ» тхылъыр къыдэкІащ, илъэс 70 щыхъум «Участники парада Победы 1945 года» тхылъыр дунейм къытехьащ. Даур Аслъэн и гъащІэмрэ и творчествэмрэ тезуху «Оборванные струны сердца» тхылъыр 2014 гъэм дунейм къытехьащ. ТомитІ хъууэ къыдэкІа «ЖыІэ уэрэд, си Кавказ!» тхылъым итщ уэрэдус щэджащэ Даур Аслъэн и Іэдакъэщ Іэкіэр.

Журналисти тхакІуи сызыщІар мы редакцэращ сэ.

НэщІэпыджэ Замирэ: **Сэ зэрыщІэмкІэ, зауэ губгъуэм уимытами, Хэку зауэшхуэр уи нэгу щІэкІащ...**

- Илъэсиплым и кІуэцІкІэ тылым къару нэхъыщхьэу иІар дэ, щІалэ цІыкІухэращ. Ауэ Іэщэ дымыІыгъами, си ныбжьэгъу щІалэ цІыкІур сэ слъагъуу къаукІащ нэмыцэхэм, сэ уІэгъэ сащІащ. Ди нэхъыжьхэм унэм сыщІахьэжат, ауэ си уІэгъэр зэрапхэн ямыІэу, жэщ псом лъы сщІэкІыу сыщылъат. КъысщІэкІа лъыр гъуэлъыпІэм деж щегъэжьауэ бжэм нэс жауэ нэху дыкъекІат. Абы хэту урыс офицер, медсестра и гъусэу къыщыувыІащ ди деж. Лъы куэд дыдэ сфІэкІуэдауэ сыкъыщилъагъум, къызбгъурыгъуэлъхьэри, и лъым щыщ къысщІигъэлъэдауэ щытащ, Іэмэпсымэ яІыгъ мащІэр къагъэсэбэпу. МахуитІ дэкІри, си нэр къызэтесыжат. Апхуэдэ щІыкІэкІэ, гъащІэ етІуанэкІэ къысхуэупсащ офицерыр. Зауэр иуха нэужь, къысщІэупщІат къакІуэри, къуэши дызэрыгъэхъуауэ щытащ.

Гугъут зэманыр, щытщыни шхыни щыІэтэкъым. ЩІалэ цІыкІуитІ дыхъуу къуажэ советым драгъэблэгъат дагъэпэжэну. УнафэщІым ЩІыхь тхылъ къытхуигъэфэщати, мащІэІуэщ, мэл зырыз едвгъэт жаІащ. А мэлыр къыщызатам си шыпхъуитІымрэ си анэмрэ махуищкІэ зы дзэкъэгъуэ ямышхауэ унэм щІэст. Абы щыгъуэм мэлым дыкъригъэлащ гъаблэм, мэжэщІалІагъэм.

Тэу Замирэ: **Тапэкіэ цензурэ зыфаІорэр щыІагъ. Сыдэущтэу а уахътэм шъулажьэщтыгъ? Зигугъу къэпшІы мыхъущт горэхэр къижъугъахьэу къыхэкІыщтыгъа?**

- Абы теухауэ щІэх-щІэхыурэ зэпсэлъэныгъэхэр къыддрагъэкІуэкІырт. Хъунымрэ мыхъунымрэ зэхэдгъэкІыфырт совет лъэхъэнэм. ИтІанэ зэхъуэкІыныгъэхэм щІидза нэужь, нэхъ тыншу, дызыхуейр ттхыуэ щІэддзащ. Ауэ иджы зэманыр зэрыхъуам еплъ. Иныкъуэхэм деж согъэщІагъуэ ятх къомыр икІи жызоІэ - цензурэ щыІэн хуейщ.

Тэу Замирэ: **Непэрэ «Черкес хэкум» пшІогъэшІэгъонэу уеджа?**

- Хуабжьу гъэщІэгъуэнщ. Абидокъуэ Люсанэрэ Аслъэныкъуэ Мадинэрэ я тхыгъэхэм уеджэкІэ зыбгъэнщІыркъым. Сытым дежи гъэщІэгъуэн, щІэщыгъуэ куэдым тотхыхь, газетыр щІыным я гуащІэшхуи халъхьэ. Дэ насып диІэти, мы бзылъхугъэ Іущыр къытхуагъэкІуащ. Газет Іуэхур зэрыхэмыкІуэдэжынур си фІэщ мэхъу, ар тетыхукІэ.

Тэу Замирэ: **Опсэу, Жэхьфар, лІэшІэгъу псэу къэбгъэшІагъэу пІоми хъун, бэ унэгу кІэкІыгъэр, бэ къэптхыжьын плъэкІыщтыр. Ти тхэкІо цІэрыІоу Мэщбэшіэ Исхьакъи урилэгъу...**

- Мэшбащіэ Исхьэкъ сэ къыздеджащ.

Тэу Замирэ: **Шъыпкъэу ара? (егъэщІагъуэ Замирэ).**

- НтІэ. Си ныбжьэгъуэшхуэщ. И махуэ лъапІэхэм деж телефонкІэ сохъуэхъу, гъэщІэгъуэн куэд дигу къыдогъэкІыж. Апхуэдэу си ныбжьэгъуфІщ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд. Хуабжьу цІыху телъыджэщ, гуащІафІэщ, хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъгъуэхэм папщІэ куэд ищІащ, тхылъхэр къыдигъэкІащ.

НэщІэпыджэ Замирэ: **Тхьэр арэзы къыпхухъу, Жэхьфар. Ди гуапэ хъуащ нэхъ гъунэгъуу укъызэрытцІыхуар. Илъэси 100-м унэблэгъами, укъаруу-фІэщ, ужанщ, угурыхуэщ. Сыт абы и щэхур?**

- Апхуэдиз илъэсым къриубыдэу журналисту ущылэжьакІэ, апхуэдиз тхылъ щыптхакІэ, уи акъылри, гурыхуагъри лажьэу йосэ. Тутын, аркъэ сефакъым зэи. Дачэ сиІэщи, къарукІэ куэдрэ сыщолажьэ. ИтІанэ хуабжьу сыгушыІэрейщ, сыгуфІэрейщ, фІы фІэкІа сигу илъкъым, дахэ фІэкІа седжэркъым. Зэман лей щызиІэхэм деж къамылым, дзэлым вазэхэр, матэхэр къахызощІыкІ. Лэжьыгъэ нэужьым утрегъэу, хьэлъэр пщхьэщех абы. Ахэрауэ къызщохъу мыпхуэдэу жану сыкъызэтезыгъэнар.

НэщІэпыджэ Замирэ: **Жьыщхьэ махуэ ухъу! Зэманрэ гукъыдэжрэ уиІэу укъызэрыддбгъэдэсам, укъызэрыддэуэршэрам щхьэкІэ фІыщІэ пхудощІ.**

- Упсэу. Фэ мыпхуэдэу фызэдэлажьэмэ, фызэрыІыгъмэ, лъэпкъыр зэрымыкІуэдыжынур, анэдэлъхубзэр хъума зэрыхъунур си фІэщ мэхъу.

АБИДОКЪУЭ Люсанэ: ТхылъымпIэм тет къыдэкIыгъуэр дгъэкIуэд хъунукъым

Бысым редакцэм гуапэу дригъэблагъэри, газетым и лэжьакIуэ гупыр дигъэцIыхуащ, мы журналист зэдэлэжьэныгъэмкIэ япэ лъэбакъуэр ичу Къэрэшей-Шэрджэсым дыщызэхуэсын жэрдэмыр къыхэзылъхьа, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист, республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и шэрджэс къудамэм и унафэщI, «Черкес хэку» республикэ газетым и редактор нэхъыщхьэ Абидокъуэ Люсанэ.

«Уи псэм фIэфI IэщIагъэ къыхэхи, уи гъащIэ псом зэи улэжьэнукъым», жиIащ Конфуций. Люсанэ зытетыр аращ. Абы и къарури, зэманри, акъылри зыхуигъэпсыр газет лэжьыгъэмрэ редакцэ Iуэхумрэщ. Жэщ-махуэм сыхьэт 24-рэ хэтмэ, Люсанэ 25-кIэ лажьэу къыпщохьу, апхуэдизкIэ куэд хуэзфIокIри. Унафэ щIынми, тхэнми, дэфтэр Iуэхуэр зэфIэгъэкIынми, газет номеритIыр тхьэмахуэм убзыхунми къыдохуэри, тхылъхэр къыдегъэкI, республикэм щекIуэкI жылагъуэ Iуэхуэм жыджэру хэтщ, лъэпкъым ехьэлIа къалэнхэр зэи игъэтIылъыркъым. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ «Нэмыгъэса макъамэ», «Афган 1979 - 1989», «Забвению не подлежит» тхылъхэр. Абыхэм нэмыщI, адыгэми урысми тхакIуэ, усакIуэ 15-м щIигъум я Iэдакъэщ IэкIхэм я литературэ редактору е корректору и Iэпэ щIэлъу дунейм къытехьащ.

Ар зи редактор нэхъыщхьэ «Черкес хэку» газетыр мы гъэм илъэсищэ ирокъу. Аращ дэри мы проектымкIэ япэу КъШР-м дыщылэжьэным щхьэусыгъуэ хуэхъуар.

- Люсанэ, куэд мыщIэу вгъэлъэпIэнущ «Черкес хэку» газетым и илъэсищэр. Дауэ фрихьэлIа а пIалъэм, дауэ зыхуэвгъэхьэзыррэ?

- Замирэ, мы Iуэхум зыхуэгъэхьэзырым яужь дыщихьар нобэкъым икIи дыгъуасэкъым. 2023 гъэм и кIэм, къыт-пэщылъ Iуэхур зыхуэдэр тщIэрти, ар зэредгъэкIуэкIыну планыр дгъэхьэзыру щIэддзащ. Абы апхуэдизкIэ куэд къызэщIедгъэубыдати, зы махуэкIи, зы мазэкIи зэрыпхуэзэфIэмыгъэкIынур къыдгурыIуащ икIи 2024 гъэр «Черкес хэкум» и илъэсу дгъэуври, щIышылэм щедгъэжьащ илъэси 100-м ехьэлIа Iуэхухэр. Мы гъэм япэу къыдэдгъэкIа газетым къыщыщIэдзауэ, къыдэкIыгъуэ къэс лъэпкъ газетым и тхыдэм, къызэрежьам, зэрызэфIэувам, абы щылэжьа редактор нэхъыщхьэхэм, газетым и цIэр зыгъэIуа журналист пажэхэм, мыбы щылажьэу Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм (абыхэм ятедухуащ накъыгъэм и 9-м ирихьэлIа къыдэкIыгъуэр), лжэныгъэм и ветеранхэм, нэгъуэщIхэми датотхыхь. Хуабжьу цIыху телъыджэ куэд щылэжьащ мы редакцэм, гъащIэ гъуэгуанэ гъэщIэгъуэн яIэу. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, редактор нэхъыщхьэу щыта Мищенкэ Иван - Къардэн Хьэсанэ и къэкIуэкIыкIар сыт и уасэт. Хьэгъундыкъуей щыщ зэлIэзфыз урыс станицэм шыгукIэ кIуат гуэдз ящэну, абыхэм я щхьэ Iэху зэрахуэжьыху, Иван сабий зеиншэ цIыкIур я шыгум къигъуалъхьэри, пыщхьэукъукIащ. Къардэн зэщхьэгъусэхэм ар къыщалъагъум, сабий яIэтэкъыми, къуэ ящIыну мурад ящIри, къыздашэ, Алыхьым фIыщIэ хуащIу. Абы Хьэсанэ фIащри, япIащ, ирагъэджащ, «Черкес хэкум» зэуври, редактор нэхъыщхьи хъуауэ щытащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, 1942 гъэм Севастополь дежи щыхэкIуэдащ.

Япэ лъагъуэр хэпшынракъэ гугъур?! ЩIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъа Ботэщ Ибрэхьимщ адыгэ газетым и лъабжьэр зыгъэтIылъауэ къэплъытэ хъунур... Газетым редактору иIа цIыху 24-м ятеухуахэр иту номер щхьэхуэ дгъэхьэзыращ, ар ди махуэшхуэм ирихьэлIэу къыдэкIынущ.

Ди газетым и цIэр плIэнейрэ ихъуэжащ лIэщIыгъуэм кириубыдэу: «Адыгэ псэукIэ», «Черкес пэж», «Черкес плъыжь», «Ленин нур», иджы «Черкес хэку». Зэманым зыдищIурэ цIэхэр ихъуэжами, и мыхьэнэри, и купщIэри кIуэдакъым. Ди нэхъыжьыфIхэм ящыщу нобэ псэужыр цIыхуиплI къудейщ. Абыхэм делъэIуауэ, я гукъэкIыжхэм, зыдэлэжьахэм, газетым и зыужьыкIам ятеухуахэр къытхуатх икIи тыдодзэ.

Илъэсищэм ирихьэлIэу редакцэм музей къыщызэIутхыну ди мурадщ. Абы папщIэ псори хьэзырщ, дахэу зэдгъэзэхуэжын хуей къудейуэ аращ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, 1944 гъэ пщIондэ къыдэкIа газетхэр хъума хъуакъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, редакцэу щытар нэмыцэхэм шэщ ящIри, газетхэри ягъэсауэ щытащ. Ди архивым къыщыщIидзэр 1944 гъэращ. Ахэри, зэрытрадзэу щыта машинкэхэри, зэрытхэу щыта шакъэхэмрэ шакъалъэхэмри - зыкъом зэхуэтхьэсыжауэ диIэщи, мис иджы унэлъащIэхэр щIэдгъэувэу зэдгъэзэхуэну араща.

Мурадхэм ящыщщ газетым и ветеранхэм я гъусэу зэIущIэхэр къызэдгъэпэщыну. Абы кьедгъэблэгъэнущ Дунейпсо Адыгэ Хасэм иригъэкIуэкI адыгэ Iуэрытхыр нэхъыфIу зытха ди студентхэр. Мис апхуэдэ IэмалхэмкIэ щIэблэмрэ нэхъыжьхэмрэ зэтпхыну, ди Iэщ Iагъэм и Iулыджыр къэтIэтыну, ди бзэм и Iэфlагъыр щIэблэм зыхедгъэщIэну ди гугъэщ. Студентхэр мы мазэм къызэхуосыжри, дяпэкIэ щIэддзэнущ зэIущIэхэм.

ПсэукIэ-Дахэ къуажэм гупжьей хъарзынэ щолажьэ, абы екIуалIэ цIыкIухэм я лэжьыгъэхэр къытхурагъэхь, къытыдодзэ. Ар хуабжьу ягу ирохь ныбжьыщIэхэм икIи апхуэдэ щIыкIэкIэ, газетым сабийхэр ныбжьэгъу къещI. «Прессэм и гъусэу зы махуэ» зэхуэсри Али-Бердыкъуэ щедгъэкIуэкIыну ди мурадщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, а къуажэращ шэрджэсхэм диIэ журналист, тхакIуэ, усакIуэ нэхъыбэ дыдэр къызыдэкIар. «Черкес хэку» газетым и лIэщIыгъуэ гъуэгуанэм теухуа документальнэ фильм трихынущ «Къэрэшей-Шэрджэс» КъТРК-м, ди махуэшхуэм и щIыхькIэ ди лэжьакIуэ Аслъэныкъуэ (Хьэтай) Мадинэ Iуащхьэмахуэ зэрыдэкIам и хъыбар фэри фощIэ, фи газетым къытевдзащ, апхуэдэу къыдэкIынущ «Черкес хэкум» теухуа тхылъри. Хуабжьу сигу ирихь проекту дгъэзэщIэнухэм ящыщщ Али-Бердыкъуэ щыхэтсэну жыг хадэр. И щхьэм укъыщеплъмэ, «Черкес хэку» - 100 лет» - псалъэхэм укъеджэу дгъэтIысынущ жыгхэр. Ар къэзыгупсысар сэращ икIи Фэеплъым и хадэ хъуну сыхуейщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, мы редакцэм Хэку зауэшхуэм и ветеран куэд щылэжьащ. Ди илъэсищэм ирихьэлIэу, редакцэ машинэщIэ къыдитащ КъШР-м и Правительствэм, ари хуабжьу дызыщыгуфIыкIа Iуэхущ.

Къыхэзгъэщыну сыхуейщ фэ фыкъызытекIухьа проектри. Мыр «Адыгэ псалъэм» щылажьэ Чэрим Марианнэ Налшык щекIуэкIа зэхуэсым къызэрыщыхилъхьауэ щытар сощIэж. Дэ куэд щIауэ дигу илът икIи дытепсэлъыхьат абы, пIалъэ къыхэдмыгъэкIыу къэтпхъуэтащ икIи щхьэусыгъуэфIкIэ едгъэжьащи, хабзэ дахэ тхуэхъуу, илъэс къэс едгъэкIуэкIыну сыхуейщ.

- Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгей республикэхэм къыщыдэкI адыгэ газетхэм нобэ яIэ мыхьэнэр сыт хуэдэ? Сыт хуэдэ увыпIэ щаубыдрэ абыхэм адыгэ дунейм?

- Газетым сыщылэжьэну иджыри сигу къыщымыкIым ди унагъуэм къихьэу щытащ «Черкес хэкур». Гъэсэныгъэ мыхьэнэшхуэ иIауэ къызолъытэ ди унагъуэм щIэсхэм я дежкIэ. Ди адэм газетыр къищтэрти, мыбы феджа, тхыгъэм и купщIэр къывгурыIуа, жиIэурэ къыдэупщIыжырт. КъищынэмыщIауэ, иту хъуам дригъаджэрт, фи акъылым хигъэхъуэнущ, фи бзэм зригъэужьынущ, зытетхыхь Iуэхум е цIыхум нэIуасэ фхуиущIынущ жиIэрти. Иджыпстуи апхуэдэу соплъ. Егъэджэныгъэ, щIэныгъэ, гъэсэныгъэ мыхьэнэ егъэзащIэ, етIуанэрауэ, газетыр бзэр зэрахъумэ Iэмэпсымэ нэхъыщхьэу жысIэфынущ. АнэдэлъхубзэкIэ республикэхэм къыщыдэкI газет закъуэр кIуэдмэ, псори тфIэкIуэдауэ аращ. Къэрэшей-Шэрджэсым теухуауэ жысIэнщи, мы хэгъэгум ис адыгэм и макъыр зыгъэIур «Черкес хэкуращ».

- Фи республикэм лъэпкъ нэхъыщхьэу тху исщ, дэтхэнэми езым и газет иIэжщ, псори ПечатымкIэ унэм фыщIэсщ. Сыт хуэдэ зэдэлэжьэныгъэ, зэпыщIэныгъэ фиIэ?

- Псом япэрауэ, дэтхэнэми ди хуитыныгъэхэмрэ къалэнхэмрэ зэхуэдэу КъШР-м и Правительствэм игъэпсауэ дызэдолажьэ. Лъэпкъ газетиплIри - адыгэр, абазэр, къэрэшейр, нэгъуейр - тхьэмахуэм тIэу къыдокI, урыс газетыр щэ къыдокI. Дызэрызэдэлажьэм и гугъу пщIымэ, хуабжьу проект гъэщIэгъуэн диIэщ ди лъэпкъхэр зэпищIэу, зэрипхыу, ныбжьэгъу зэхуищIу. Мазэм зэ газетым и зы напэкIуэцIыр а Iуэхум хухыдох. Ди лъэпкъхэм къахэжаныкIа, зи зэфIэкIкIэ зи цIэр Iуа цIыхухэм ятеухуа тхыгъэхэмкIэ дызохъуажэри, лъэпкъитхум къахэкIа цIыху щыпкъэхэм ди бзэкIэ датетхыхьу зы напэкIуэцIым идогъэувэ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, «Черкес хэкум» мазэм зэ къытредзэ къэрэшейхэм, урысхэм, нэгъуейхэм, абазэхэм ятеухуахэр. Абы нэхъ гъунэгъу дызэхуищIу, дызэрипхыу къызолъытэ. Ди щIэджыкIакIуэхэми хуабжьу ягу зэрыдыхьэр хъыбаркIэ къытIэрагъэхьэ.

- Газет къыдэгъэкIыным нобэ гугъуехьу пылъым, абыкIэ фи республикэм фызыщрихьэлIэ лъэпощхьэпохэм утезгъэпсэлъыхьынут.

- Ди жагъуэ зэрыхъущи, псоми ди зэхуэдэ гукъеуэр пощтыр дызэрыхуейм хуэдэу зэрымылажьэрщ. Сыкъыщалъхуа унагъуэм игъащIэ лъандрэ газет тредзэ, къытхуахь, доджэ. Ауэ иджы си анэр къуажэ пощтым кIуэурэ газетыр къихьыжьын хуей мэхъу. Ар лъэрытетщ, жанщи хузэфIокI, ауэ адрей нэхъыжьхэр-щэ? Али-Бердыкъуэ къэтщтэнщи, цIыху мини 6 дэсщ. Газету традзэм и ныкъуэм нэхърэ нэхъыбэр къащтэжын хуейуэ араща. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, пощтым Iэхуу щIэлъыр игъэзащIэу щылажьэр зы цIыхущ - унафэщIырщ, лэжьакIуэ иIэ-къым. Гугъущ а щытыкIэр. ЕтIуанэу, аргуэру псори дызыгъэпIейтей гуныкъуэгъуэщ диIэр - анэдэлъхубзэкIэ къыдэкI газетхэм Iэ тезыдзэр зэрымащIэрщ. Ауэ абы зэкIэ хэкIыпIэ къыхуэдгъэтауэ, ди планыр догъэзащIэ. Мылъку зыбгъэдэлъ, адыгэгу зыкIуэцIылъ щIалэхэр диIэщи, зыхузэфIэмыкIхэм хутрадзэри, дэ яхудошэж.

- «Адыгэ псалъэ» газетри тхылъымпIэм тету тхьэмахуэм щэ къыдэкIыу аращ, ауэ фэ къыфщхьэщыкIыу дэ электрон газети тхьэмахуэм тхуэ къыдыдогъэкI. Уэ дауэ уеплърэ, адыгэбзэкIэ къыдэкI газетым дуней псор зыхуэкIуа интернетыр хуэфIыну?

- Газетым нэхъыбэу еджэр нэхъыжьхэращ, интернетыр къэзыгъэсэбэпыр щIалэгъуалэрщ. Абы къыхэкIкIэ, сэ сыт щыгъуи срителъхьэщ, тхылъымпIэм тет газет къыдэкIыным. Ауэ электрон Iэмалыр абы и гъусэкIэ, зэран хъунукъым. Псалъэм папщIэ, куэдрэ къыщытхуащI щыIэщ, уеблэмэ Къэбэрдей-Балъкъэрми къращIыкI, ди газетым и электрон напэкIуэцIыр къалъыхъуэу. Ар нэхъ тпэIэщIэхэм, республикэм имысхэм я дежкIэ IэмалыфIщ, щIалэгъуалэми къыхахынур араща, телефонкIэ еджэн хуэдэу.

Ауэ иджыри зэ къыхэзгъэщыну сыхуейщ: тхылъымпIэм тетыр дгъэкIуэдыж хъунукъым. Иджыблагъэ архивым сыщыIащ. Ди лъэпкъым, ди хэкум къыщекIуэкIахэмрэ къыщыхъуахэмрэ зы щIыпIи къыщыплъыхъуэн хуейкъым, а псори зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу зэкIэлъыхьауэ тхылъымпIэм тету къыдэкI газетым итщ. Сыту фIыгъэшхуэ ар! А фIыгъуэр зыхъумар газетращ, иджыри илъэс Iэджэкlэ псэунущ ар.

Архивым щIэлъ дэфтэрхэр, тхылъымпIэ кIапэхэр, газетхэр щымыIамэ, дауэ хъума хъунут тхыдэр, блэкIар? Апхуэдэ гупсысэхэр щIалэгъуалэм я деж нэпхьэсын, ахэр а тхылъымпIэм тет газетым, тхылъым щымыгъэужьыным телэжьэн гухэлъ диIэу, мылъку зыбгъэдэлъхэм тхутрадзэ газетхэм ящыщ курыт еджапIэхэм едгъашэу щIэддзащ. Черкесск къалэм дэт школ 18-м яIэрохьэ ди газетхэр, ар егъэджакIуэхэми еджакIуэхэми зэбграх. Уеблэмэ, мазэм зэ ди газетыр щыщIаджыкI, тет тхыгъэхэр щызэпэкърах дерсхэр щокIуэкI. Газетыр зэи зымылъэгъуахэр къыщIохьэ редакцэм, ауэ мис а школыр къэзыухахэм яцIыхунущ адыгэ газетыр, адэкIэ тезыдзэни къахэкIынущ.

- Нобэ абы елэжь уи лэжьакIуэ гупым я гугъу къытхуэщIыт.

- «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ» редакцитIым елъытауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, дэ нэхъыжьхэм ящыщ къыддэлэжьэжыркъым, абыхэм я ныбжьыр хэкIуатэри тIысыжащ. Нэхъыбэ дыдэрэ щылэжьауэ къытхэтыр Туаршы Ирэщ - илъэс 26-рэ хъуауэ редакцэм Iуэху щещIэ.

ЦIыху 20-м нэблагъэ дызэдолажьэ, абыхэм ящыщу 8-р матхэ, журналистхэм нэмыщI, редактор нэхъыщхьэри, абы и къуэдзэри, жэуап зыхь секретарри гуащIафIэу тхэхэм ящыщщ. Газет гъэхьэзырым, къыдэгъэкIыным теухуауэ редакцэм щекIуэкI лэжьыгъэм нэмыщI, Телеграм-каналымрэ ВК-мрэ напэкIуэцI щыдиIэн хуейуэ къалэн къытщащIати, ТГ-р сэ согъэлажьэ, ВК-р зи пщэ дэлъыр ГъукIэкъул Иринэщ. Тыншу, дызэгурыIуэу, жысIэр тIу ямыщIу дызэдолажьэри, дэтхэнэми сыхуэарэзыщ.

- Илъэсищэм къриубыдэу газетым иIа редактор нэхъыщхьэу 24-р псори цIыхухъут, цIыхубз унафэщI япэу хъуар уэращ. Сыт хуэдэ жэуаплыныгъэ уи пщэ къыдилъхьэрэ абы?

- КъызэрымыкIуэу инщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, си япэ итахэм газетыр зэфIэувэным я гуащIэу, я къаруую халъхьар сымыгъэкIуэду, абы къызэрагъэпэщар иджы щылажьэхэм дгъэбагъуэу дыпэрытын хуейщ Iуэхум. Абы къищынэмыщIауэ, ди зэфIэкI къызэрихькIэ щIэщыгъуагъ хэтлъхьэн, нобэрей гъащIэм декIуу къыдэдгъэкIын хуейщ.

Псоми къагуроIуэ ар зэрыкъалэн гугъур, уеблэмэ, бзылъхугъэ къаркIэ упэмылъэщыну къащохьу. Ауэ сэ си гуи, си пси хэслъхьэнущ газетыр нэхъыфI щIыным, и мыхьэнэр къызэтегъэнэным, дяпэкIи лъэпкъым къыхуэщхьэпэн хуэдэу гъэпсыным.

- Улсэу, Люсанэ. ФIыщIэ пхуэсщIыну сыхуейщ журналист зэдэлэжьэныгъэм и Iуэхукlэ дыкъызытекIухьар гъэщIэгъуэну, купщIафIэу, лъэныкъуэ куэд къызэщIиубыдэу къызэрытхузэбгъэпэщам папщIэ. Къэрэшей-Шэрджэсыр къэтцIыхуну, мы хэгъэгум ис ди къуэшхэм я щыIэкIэ-псэукIэр, гупсысэкIэр зэдгъэщIэну Iэмал зэрыдиIэм, а псори ди хэкуэгъухэм яхуэтIуэтэжынымкIэ дызыпэрыт Iэнатlэр сэбэп зэрыхъум и мыхьэнэр къывгурыIуэу редактор нэхъыщхьэхэм къызэдэфщта мы Iуэхур адэкIи кIуэтэну Тхьэм жиIэ!

Епсэлъар
НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.
Налшык - Черкесск.

ТВ НЭТЫНХЭР

Блыщхьэ, фокIадэм и 9

1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 14.00, 17.00, 18.30 Информационный канал (16+)
13.30 «АнтиФейк» (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
20.00 Т/с «НИНЕЛЬ» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «Я НЕ МОГУ БЕЗ ТЕБЯ»
23.00 Торжественная церемония вручения международной премии мира имени Л.Н. Толстого (12+)
00.10, 00.55, 01.40, 02.25, 03.05, 03.50 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00 Вести. Местное время
09.30 Утро России
09.55 О самом главном (12+)
11.00, 14.00, 17.00, 20.00 Вести
11.30, 18.30 «60 минут» (12+)
13.00 «Наши» (12+)
14.35 Вести. Местное время
15.00 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
17.30 «Малахов» (16+)
21.05 Вести. Местное время
21.20 Т/с «ДАМА С СОБАЧКОЙ»
23.20 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
01.50 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ»

НТВ

04.50 Т/с «УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 «Сегодня»
08.25, 10.35 Т/с «ПЕС» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи»
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «ТВЕРСКАЯ. ЛЮБОЙ ЦЕНОЙ» (16+)
22.15, 00.00 Т/с «НЕВСКИЙ. ОХОТА НА АРХИТЕКТОРА»
01.00 Т/с «АКУЛА» (16+)

ЗВЕЗДА

05.40 Д/ф «Герой 115» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00 Т/с «ДВА КАПИТАНА» (16+)
12.45 «По горячим следам» (16+)
13.25, 15.05, 17.15 Т/с «СМЕРШ. ДОРОГА ОГНЯ» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
18.00 Д/ф «Крым. Обратный отсчет» (16+)
18.50 «Специальный репортаж» (16+)
19.00 Новости дня (16+)
19.55 «По горячим следам» (16+)
20.10 «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
21.00 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
22.45 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.15 Т/с «ДВА КАПИТАНА» (16+)
00.45 Х/ф «АТАКА» (16+)

РОССИЯ К

06.30 «Пешком...»
07.05 Черные дыры. Белые пятна
08.00 Д/с «Невский ковчег. Теория невозможного»
08.30 «Жизнь и судьба»
08.50, 22.20 Х/ф «ПРОТИВОСТОЯНИЕ» (16+)
10.00, 12.30, 16.30, 19.30, 23.55 Новости культуры
10.15 «Наблюдатель»
11.10, 00.10 ХХ век
11.50 Д/ф «Возрождение дирижабля»
12.45 Новости. Подробно. АРТ
13.00 Больше чем любовь
13.40 Х/ф «БЕЛОРУССКИЙ ВОКЗАЛ» (16+)
15.25 «Агора»
16.45 Д/с «Передвижники»
17.20 Владимир Спиваков и Борис Бехтерев. Концерт в Большом зале Московской консерватории. Запись 1980 года
18.15 «Рассказы из русской истории»
19.45 Главная роль
20.05 «Правила жизни»
20.35 «Спокойной ночи, малыши!»
20.55 Д/ф «Ночные летописи художника Доброва»
21.35 «Сати. Нескучная классика...»
23.25 Д/с «Рассекреченная история»
00.45 Д/ф «Эрнест Бо. Император русской парфюмерии»

МАТЧ!

06.00 «Кто кого?» (12+)
06.30 «Все о главном» (12+)
07.00, 10.00, 12.55, 15.25 Новости
07.05, 18.50, 21.45, 00.15 Все на Матч!
10.05 Лица страны (12+)
10.25 «Вопреки всему» (12+)
11.25 Профессиональный бокс. О. Маскаев - Х. Рахман. Трансляция из США (16+)
12.35 Специальный репортаж (12+)
13.00 «Есть тема!»
14.25 Магия большого спорта (12+)
14.55 География спорта (12+)
15.30 «Громко»
16.55 Х/ф «Небесная команда»
19.15 Хоккей. «Локомотив» (Ярославль) - СКА (Санкт-Петербург). Фонбет. Чемпионат КХЛ. Прямая трансляция
22.30 Смешанные единоборства. Г. Бернс - Ш. Брэди. UFC. Трансляция из США (16+)
01.05 «Наши иностранцы» (12+)
01.35 Д/с «Лошадиная сила» (12+)
02.55 Новости (0+)
03.00 Легкая атлетика. Мировой континентальный тур. Трансляция из Хорватии (6+)

Гъубж, фокIадэм и 10

1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 14.00, 17.00, 18.30 Информационный канал (16+)
13.30 «АнтиФейк» (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
20.00 Т/с «НИНЕЛЬ» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «Я НЕ МОГУ БЕЗ ТЕБЯ» (16+)
23.00 «Большая игра» (16+)
00.00 «АнтиФейк» (16+)
00.30, 01.15, 02.00, 02.45, 03.05, 03.25, 04.10 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00 Вести. Местное время
09.30 Утро России
09.55 О самом главном (12+)
11.00, 14.00, 17.00, 20.00 Вести
11.30, 18.30 «60 минут» (12+)
13.00 «Наши» (12+)
14.35 Вести. Местное время
15.00 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
17.30 «Малахов» (16+)
21.05 Вести. Местное время
21.20 Т/с «ДАМА С СОБАЧКОЙ» (16+)
23.20 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
01.50 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
03.30 Т/с «СОБАЧЬЯ РАБОТА» (16+)

НТВ

04.55 Т/с «УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 «Сегодня»
08.25, 10.35 Т/с «ПЕС» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи»
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «ТВЕРСКАЯ. ЛЮБОЙ ЦЕНОЙ» (16+)
22.15, 00.00 Т/с «НЕВСКИЙ. ОХОТА НА АРХИТЕКТОРА» (16+)
00.55 Т/с «АКУЛА» (16+)
04.15 Т/с «АГЕНТСТВО СКРЫТЫХ КАМЕР» (16+)

ЗВЕЗДА

05.15 Т/с «СМЕРШ. ЛЕГЕНДА ДЛЯ ПРЕДАТЕЛЯ» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00 Т/с «ДВА КАПИТАНА» (16+)
12.50 «Специальный репортаж» (16+)
13.25, 15.05, 17.15 Т/с «НОЧНЫЕ ЛАСТОЧКИ» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
18.00 Д/ф «Крым. Обратный отсчет» (16+)
18.50 «Специальный репортаж» (16+)
19.00 Новости дня (16+)
19.55 «По горячим следам» (16+)
20.10 «Улика из прошлого» (16+)
21.00 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
22.45 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.15 Т/с «ДВА КАПИТАНА» (16+)
00.50 Х/ф «ЗА ОБЛАКАМИ НЕБО» (16+)
02.35 Д/с «ЦСКА. Спортивный щит Родины» (12+)
03.15 Д/с «Хроника Победы» (16+)
03.40 Т/с «НОЧНЫЕ ЛАСТОЧКИ» (16+)

РОССИЯ К

06.30 «Пешком...»
07.05 Легенды мирового кино
07.35 Д/ф «Эрнест Бо. Император русской парфюмерии»
08.30 «Жизнь и судьба»
08.50, 22.20 Х/ф «ПРОТИВОСТОЯНИЕ» (16+)
10.00, 12.30, 16.30, 19.30, 23.55 Новости культуры
10.15 «Наблюдатель»
11.10, 00.10 ХХ век
12.45 Новости. Подробно. Книги
13.00 «Игра в бисер» с Игорем Волгиным
13.40 Линия жизни
14.35 Х/ф «ДУБРОВСКИЙ» (16+)
15.45 «Сати. Нескучная классика...»
16.45 «Эрмитаж»
17.20, 02.10 Владимир Спиваков и Мария Жоао Пиреш. Концерт в Большом зале Московской консерватории. Запись 1989 года
18.00 Д/ф «Роман в камне»
18.35 Д/ф «Александр Невский. Между Востоком и Западом»
19.45 Главная роль
20.05 «Правила жизни»
20.30 «Спокойной ночи, малыши!»
20.45 Искусственный отбор
21.30 Линия жизни
23.25 Д/с «Рассекреченная история»
01.25 Д/ф «Анна Тимирева. Возлюбленная Колчака»

МАТЧ!

06.00 «Кто кого?» (12+)
06.30 География спорта (12+)
07.00, 10.00, 12.55, 15.25 Новости
07.05, 15.30, 18.50, 21.45 Все на Матч!
10.05, 12.35, 03.05 Специальный репортаж (12+)
10.25 «Вопреки всему» (12+)
11.25 Профессиональный бокс. С. Ибрагимов - Э. Холифилд. Трансляция из Москвы (16+)
13.00 «Есть тема!»
14.25 Магия большого спорта (12+)
14.55 Матч! Парад (16+)
16.55 Д/с «Чемпионы» (12+)
19.15 Хоккей. ЦСКА - «Сибирь» (Новосибирск). Фонбет. Чемпионат КХЛ. Прямая трансляция
23.25 Футбол. Колумбия - Аргентина. Чемпионат мира-2026. Отборочный турнир. Прямая трансляция
01.30 Футбол. Венесуэла - Уругвай. Чемпионат мира-2026. Отборочный турнир. Прямая трансляция

Бэрэжьей, фокIадэм и 11

1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 14.00, 17.00, 18.30 Информационный канал (16+)
13.30 «АнтиФейк» (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
20.00 Т/с «НИНЕЛЬ» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «Я НЕ МОГУ БЕЗ ТЕБЯ» (16+)
23.00 «Большая игра» (16+)
00.00 «Шоу Вована и Лексуса» (16+)
00.55 «АнтиФейк» (16+)
01.25, 02.10, 03.05, 03.50 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00 Вести. Местное время
09.30 Утро России
09.55 О самом главном (12+)
11.00, 14.00, 17.00, 20.00 Вести
11.30, 18.30 «60 минут» (12+)
13.00 «Наши» (12+)
14.35 Вести. Местное время
15.00 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
17.30 «Малахов» (16+)
21.05 Вести. Местное время
21.20 Т/с «ДАМА С СОБАЧКОЙ» (16+)
23.20 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
01.50 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
03.30 Т/с «СОБАЧЬЯ РАБОТА» (16+)

НТВ

19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
20.05 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.25 - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
21.05 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
21.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
22.00 - «ЦIыхумрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
22.25 - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
23.00 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
23.30 - 24.00 «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)

Мэрем, фокIадэм и 13

00.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
1.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
1.30 - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
2.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
3.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
4.00 - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
4.10 - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
4.30 - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
5.00 - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
5.30 - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
6.00 - 7.00 Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

«Хъыбарыщ Iэхэр» (адыгэбзэкIэ): 7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00
«Хъыбарыщ Iэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ): 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00
«Хъыбарыщ Iэхэр» (урысыбзэкIэ): 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00

7.15 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
7.45 - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
7.50 - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
8.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
8.20 - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
8.35 - «Таумакъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
9.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
9.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
10.05 - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
10.25 - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
10.45 - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
11.05 - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
11.20 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
11.45 - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
12.05 - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
12.35 - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
12.50 - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
13.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.45 - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.50 - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ)(12+)
14.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
14.30 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
15.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
15.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
16.05 - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
16.45 - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
17.05 - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
17.20 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
17.45 - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
18.05 - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
18.35 - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
18.50 - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
19.05 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
20.05 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.25 - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
21.05 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
21.30 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
22.00 - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
22.35 - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
23.00 - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
23.25 - 24.00 «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

Щэбэт, фокIадэм и 14

00.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
1.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
1.30 - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
2.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
2.30 - «Таумакъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
3.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
3.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
4.00 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
5.00 - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
5.10 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
5.30 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
6.00 - 7.00 Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
7.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
7.38 - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
8.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
8.25 - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
9.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
9.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
9.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
10.00 - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
10.20 - «Уэрэдымрэ абы и тхыдэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
10.50 - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
11.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
11.21 - «Ишлегенни кёлю жарыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
11.30 - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
12.00 - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
12.44 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
13.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.38 - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
14.00 - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
14.50 - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
15.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
15.25 - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
16.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
16.21 - «Ишлегенни кёлю жарыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
16.30 - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
17.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
17.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
17.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
18.00 - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
18.44 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
19.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
20.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.20 - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
20.35 - «Таумакъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
21.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
21.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
22.00 - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
22.30 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
23.00 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
23.20 - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
23.30 - 24.00 «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

Тхъэмахуэ, фокIадэм и 15

00.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
1.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
1.38 - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
2.00 - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
3.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
3.25 - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
4.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
4.30 - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
5.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
5.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
5.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
6.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
6.44 - 7.00 «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

«Хъыбарыщ Iэхэр». Тхъэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00
«Хъыбарыщ Iэхэр». Тхъэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00
«Хъыбарыщ Iэхэр». Тхъэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00

7.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
7.40 - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
8.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
8.45 - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
9.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
9.35 - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
9.45 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
10.10 - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
10.40 - «Дерс» (адыгэбзэкIэ) (12+)
11.00 - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
12.10 - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
13.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.35 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
14.10 - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
14.40 - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
15.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
15.40 - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
16.00 - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
17.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
17.40 - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
17.50 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
18.00 - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
19.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
20.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.25 - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
21.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
21.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
21.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
22.00 - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
23.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
23.30 - 24.00 «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

Бланэ щалъху мэкІуэж

Ди къуэш республикэм къэрал, политикэ, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэу, адыгэлІ хэкупсэу, куэдым пщІэ хуащІу щыпкъэщ Дер Вячеслав. Абы и ныбжьыр шыщхьэуІум илъэс 75-рэ ирикъуащ. ГъащІэ гъуэгуанэ кІыхь икІи купщІафІэ, Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ гъэнщІа къызэринэкІащ, политикэ иныбмрэ хьэрычэт Іуэхушхуэхэмрэ и курыкупсэм хэтащ ар.

ИЛЪЭС 15 мэхъу Вячеслав политикэм къызэрыхэкІыжрэ. Пенсэм нэмыс щІыкІэ, и ныбжьыр тІэкІу нэхъ хэкІуатэмэ, ищІэнумрэ щыпсэунумрэ егупсысащ, уеблэмэ, щІыпІэри къыхихащ. Щ1ым, къэкІыгъэм, псэущхьэм и псэр зэрапэгъунэгъум къыхэкІыу, ухуэныгъэшхуэу зэхэтыну ранчор нобэ егъэпс. Адыгэ къуажэ теплъэ зиІэ хэщІапІэшхуэм и цІэр «Бибердщ».

ЩІы Іэнэщ1ыр къызэрыхухьа пхъэ зэкІэрыІулІахэр нэгум къыІуидзэу зыкъомрэ ублэжа нэужь, пхъэ куэбжэ лъагэм унос. Удэлъэда нэужь, нэм къиплъыхьыр мэзыщхьэ бгыхэмрэ тафэ сэтейхэмрэщ, щІыпІэ-щІыпІэкІэ - жыг, нэгъэущІ къуапэхэмкІэ - мэкъу Іэмбатэ. Ранчом и инагъыр нэр здынэплъысым нэхърэ нэхъыбэщ. Унэ лъабжьэр мывэкІэ зэтелъхьарэ ятІэкІэ яйя блынхэм сэху къетыжауэ апхуэдэщ. А бгъэныщхьэ унэм Іут пырхъуэм къыщІоувыкІ дуней хъурейр къэзыкІухьу Іуэху куэд къезыхьэлІа, щалъхуа щІыпІэжь иджы къекІуэлІэжа адыгэлІыр. Сэламыр зэфІэкІа нэужь, журналистхэм зэрахьэлу, ихъуреягъэр къыдоплъыхь, псори тфІэгъэщІэгъуэнщи, дыщІэупщІэн щІыдодзэ.

- Елбургъэн абазэ жылэщ. Илъэс 20 сыхъуху сыдэсащ мыбы. Си анэр мыращ зыщыщыр. Мы щІыпІэхэр фІыуэ соцІыху. Франджым сыкІууэ сыщыІат мыпхуэдэ зы хэщІапІэ, сехъуэпсат. Зэман дэкІри, зэзгъэпэщащ. СыкъэкІуэжауэ шым сытесу къызэхэскІухьырт, мыбдеж щыпщІ хъунум сегупсысу. Уадыгэу, адыгэш утесу щхьэ жыжьэ угупсысэн хуей, псом япэу шы бгъэхъун хуейуэ аракъэ?! Дуней псом щыцІэрыІуэ адыгэшым зыкъегъэужьыжьын, гъэбэгъуэн хуейщ. Абы теухуауэ сщІэр сфІэмащІэти, Къэбэрдей-Балъкъэрым сыкІуащ нэхъыбэ зэзгъэщІэну, шыр зэрагъэхъум, зэрелэжьым зыщызгъэгъуэзэну. Пэжщ, шы зиІэхэр щыІэт, ауэ сыздэщыІа гъэхъупІэхэр абы пыщІахэмкІэ къызэгъэпэщатэкъым...

Иджыпсту шыуэ 100-м нэблагъэ сиІэщ, моуэ тІэкІу къызэхэфкІухьмэ, флъагъунущ абыхэм ящыщи. Нэхъапэм шы лъэпкъыфІ цІэрыІуэхэри яхэтащ, ауэ сэ адыгэшым зестыну мурад щысщІым, ахэр хэзгъэкІащ. Шы заводри мы илъэсым и кІэ хъухукІэ къызэІутхыну ди мурадщ, - къыддогуашэ Вячеслав.

Ранчор гектар 612-рэ мэхъу. Абы куэд дищІыхьыну зегъэхьэзыр Дерым. Шэрджэсми абазэми зэхуэдэу яхущыт адыгэлІым и хэщІапІэр а лъэпкъитІми яйуэ игъэпсыну хуейщ.

- Си анэр абазэщ, си адэр адыгэщ. Дерхэ зэкъуэш республикищми щопсэу, къыздикІар Къэбэрдейращ. Дерхьэблэ Бахъсэнёнкэ и гъунэгъуу щысащ. Сэ сытым дежи жызоІэ сызэрыадыгэр. Фэри фощІэж: къыхэтхыкІыр щекІуэкІым зэдауэ къэхъуат, псоми шэрджэсу зевгъэтх жалэу, ар ямыдэу лІакъуэцІэхэмкІэ зезыгъэтхыну хуейхэри ныкъуакъуэрт. Хэту фыхуейми сыфтх, сэ сыадыгэщ, ар зэи сщыгъупщэнукъым икІи зыми сыхэгъуэщэнукъым, жысІащ.

Адыгэ къуажэм ещхь хэщІапІэущ мыр зэрыщытынур, и теплъэмкІэ адыгэ псэукІэр уи нэгу къыщІигъэхьэу. Апхуэдэу коттедж 30 дэсщІыхьынущ, мес мо флъагъу бгъэныщхьэ унэм хуэдэщ, ауэ и кІуэцІыр, дауи, иджырейуэ гъэпсауэ, цІыхум къигъэсэбэпыну псори иужьрей мардэхэм изагъэу щытынущ, дэтхэнэми цІэ иІэнущ, унэлъащІэхэм я лІэужьыгъуэкІи зэщхьэщыкІынущ. Абы нэмыщІ, хьэщІэщу щы дэтынущ, псори зы къат фІэкІа мыхъуу, цІыху 200 - 300 зыщІэхуэ шхапІэри апхуэдэу зэпэщу згъэпсынущ. Дауи, сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ я нэгу зыщрагъэужьын, зыщагъэпсэхун щІыпІэхэри иІэнущ, гуэлитІ - зым бдзэжьей щещэу, зым зыщагъэпскІыу, парк, шэщ... Куэд си мурадщ сэ.

МафІэ цІыкІуу къежьар мафІэшхуэ хъуащ жыхуиІэм хуэдэу, адыгэшым зыкъезгъэужьыжыну Іуэхур езгъэжьауэ арами, туризм унэтІыныгъэм сыхуэкІуащ. Сыт щхьэкІэ? Япэрауэ, мы щІыпІэр щилъагъум, ди республикэм и Іэтащхьэм псом япэу къызита чэнджэщыр - ди цІыхухэми зыщагъэпсэху, туристхэри къызэкІуалІэ щІыпІэ сщІынырщ, етІуанэрауэ, си шыхэр зэрытын, щалъагъун утыку сыхуейт. Ди деж шууэ къыщыбжьыхь хъунущ, - жеІэ ди бысымым.

Дерым зи гугъу ищІыр хуабжьу проект инщ, мылъкуи лэжьэгъуи хуеинущ. Къапщтэмэ, иджыри къэс иІа хьэрычэтыщІэ Іуэхухэм туризмэр хэтакъым икІи а унэтІыныгъэр езым и дежкІэ щІэуэ къелъытэ. ИтІани и мурад псори илъэситІым къриубыдэу зэфІигъэкІыну и гугъэщ, игурэ и щхьэрэ зэтелъщи. Сыт а къарур къыхэзылъхьэр? Гукіи псэкіи зэрыадыгэрщ, и хэкужь и щІапІэжь зэрисыжырщ.

- Мыр дуней псом щыпсэу адыгэр щызэхуэс щІыпІэ сщІыну сыхуейщ, нэгъуэщІ къэрал, лъэпкъ щыщхэм я дежкІи зыгъэпсэхупІэ зэгъэпэщауэ. Ауэ сыт хуэдэ Іуэхуми егъэлеиныгъэр щызэранщ. Сэ сыхуейкъым нэм илъагъу псори уи гур къэзыуІуэ лъэпкъ нэщэнэ, дамыгъэ защІэу щытыну. Адыгэм зэи хэлъакъым иІэр адрейм и нэм щІиІуу, ищІэрт къыщыувыІэжын хуейр. Абы къыхэкІыу, адыгэ къуажэ цІыкІум дэтынухэр бгъэныщхьэ унэщ, адыгэ хьэпшыпхэм ущрихьэлІэнущ, уеблэмэ хьэку щІэтынущ. Ауэ унэхэми шхапІэхэми я кІуэцІыр гъэпсауэ зэрыщытынур иджырей зэманым тетущ. Егъэлеиныгъэ хэслъхьэнукъым, - жеІэ Дерым.

Псалъэм папщІэ, джэдлыбжьэм, пІастэм, лы гъэгъуам, мэлыл гъэвам хуэдэу, езым и гуэлым хэс осетрри щапщэфІынущ. «ЦІыхур дэнэ кІуэми, сыт хуэдизу и нэгу зиужьми, и ныбэ изу Іэфіу щымышхэмэ, зыри и мыхьэнэкъым. Абы къыхэкІыу, зыхуеинкІэ хъуну псори Іэфіу щапщэфІынущ», - къыхегъэщ гъащІэм и пІалъэ зыщІэ лІым.

Дерым и хэщІапІэм жыг мини 10 щигъэтІысащ, иджыри мин 20 хисэну и мурадщ, мызыгъуэгукІэ лІэужьыгъуи 100 иІэщ.

КЪЭБАРТ Мирэ.

Іуэху пщІыр Іуэху мэхъу

Театрымрэ киномрэ я режиссёр цІэрыІуэ, Адыгэ Республикэм гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ ЕмкІуж Андзор щэнхабзэ зэпыщІэныгъэхэмкІэ республикищым ис адыгэ лъэпкъыр зэшэлІэным гуащІэу хилъхьар мащІэкъым, ноби зи ужь итыр аращ. Ар иджыпсту Черкесск щолажьэ, Акъ Мухьэрбэч и цІэр зезыхьэ Шэрджэс къэрал драмэ театрым и унафэщІым и къуэдзэщ - Театрым и режиссёр нэхъыщхьэщ. Черкесск дыщыщыІа махуэхэм шэрджэс театрым и лэжьэгъуэ пІалъэр къызэІуихыжу къигъэлъэгъуащ Андзор игъэува «Сандро» спектаклыр.

- УРЫСЕЙ тхакІуэ цІэрыІуэ Искандер Фазиль и Іэдакъэщ1экІхэмкІэ шэрджэс тхакІуэ Бемырзэ Зураб тхуигъэхьэзыра пьесэщ мыр, - жеІэ Андзор. - БлэкІа театр пІалъэр мыбы и премьерэмкІэ зэхуэтщІыжащ, къыкІэлъыкІуэри къризэІутхащ. ЦІыхум ягу ирихьауэ мы гъэм дгъэлъэгъуахэм ящыщщ Пушкин Александр къызэралъхурэ илъэс 225-рэ щрикъум ирихьэлІэу, абы и рассказхэм Бемырзэм и гъусэу къыхэтщІыкІа пьесэр. «Ди Пушкин» спектаклыр нэхъыбэу яфІэгъэщІэгъуэн хъуащ щІалэгъуалэм. Ар лъэхъэнитІ зэзыпх теплъэгъуэт - актёрым и Іэпкълъэпкъ лъэныкъуэр иджырейуэ, адрейр пасэрейуэ хуэпат, утыкури апхуэдэ дыдэу гъэпсат. Сэ сызыхуеяр иджырей щІалэгъуалэм Пушкиныр нэхъ гъунэгъуу зыхащІэнырт, ар пасэрей тхакІуэщ жамыІэу. Икіи къызэхъулІауэ ясысщохъу. Еплъыну къакІуэ ныбжьыщІэхэр залымыгъэкІэ къашэу аратэкъым, езыхэм я жэрдэмкІэ къекІуалІэрт, уеблэмэ, зэ къэкІуахэм я ныбжьэгъуэхэр къашэурэ къытрагъаззэрт. Мы фокІадэм ар иджыри щагъэлъэгъуэнущ Карачаевск, Черкесск, Адыгэ-Хьэблэ, Хьэбэз.

Сэ комедиещІэ гъэувыным иужь сихьэнущ, зэрыунагъуэу къакІуэу еплъ хъууэ, дерс гуэр къыхахыу.

ЕмкІужьр зы Іуэхукіэ зэи къэувыІэркъым, атІэ зыбжанэ зэдещІэ. Гъэ еджэгъуэщІэм ар ирагъэблэгъащ Даур Аслъэн и цІэр зэрыхьэу Черкесск дэт Щэнхабзэмрэ Гъуазджэмкіэ колледжым щригъэджэну. «Мыр си лэжьыгъэ нэхъыщхьэмкІэ сэбэп хъунущ, - къыддогуашэ ЕмкІужьр. - Актёр, режиссёр хъуну хуейуэ а Іэщ1агъэр къыхэзыхахэм си щІэныгъэр, Іэзагъыр зэрабгъэдэслъхьэным нэмыщІ, адыгэбзэм ирипсалъэхэр къахэсхынурэ шэрджэс театрым къесшэлІэнущ. НобэкІэ абыхэм ящыщу щы къыхэсхауэ, си спектаклхэм щызогъэджэгу. Адыгэ театрым хуэдабзэу, адрей лъэпкъ театрхэми кІуэнущ щІалэгъуалэр».

Театр гъуазджэм хуэдэ дыдэу киноми жыджэру щолажьэ Андзор. Иджы зыхуеГъэхьэзыр полнометражнэ фильм гъэщІэгъуэн трихыну. Куэд щыгъуаззщ Ленинград блокадэм къыдаша сабийхэр КъШР-м и Беслъэней адыгэ къуажэм дэсхэм къызэрырагъэламрэ зэрапІамрэ.

Беслъэнейдэсхэм я лІыгъэм теухуа хъыбарым фильм къытепщІыкІыну тыншкъым, ауэ Андзор зрипщытащ.

- Сценарийри сметэри хьэзырщ, щытетхыну щІыпІэхэр къыхэтхащ. Дяпэкіэ ахъшэкІэ зыкъытщІэзыгъэкъуэнухэр къыдолъыхъуэ. Ди проектыр УФ-м и Президентым и грант щат зэпеуэхэм идгъэхьащ, абы нэмыщкІэ Кавказ кином зезыгъэужь фонд къызэІутхауэ абыи ахъшэ къытхурагъэхьмэ, сэбэп хъунущ. Реквизитхэр, нэмыцэ щыгъынхэр Москва къитшыжын хуейщ, «Мосфильм»-р абыкІэ сэбэп хъунущ, ауэ ахэр къапшэу мыбдеж къыщыбгъэсэбэпу пшэжыным мылъкушхуэ токІуадэ. Абыхэм яхэтщ машинэхэр, мотоциклхэр, Іэщэ-фащэхэр. Апхуэдэщ мафІэгу вагонхэри, вагон зытхух дыхуейщ а цІыкІухэр къызэрыракІутэмрэ къызэрыкІуэцІрашымрэ тетхын папщІэ. Мыбы щыщхэм я щыгъынхэр мыбдеж щедгъэдыфынущ, - къыддогуашэ режиссёрыр.

- ЩІыпІэ телъыджэ иІэщ Дер Вячеслав, дяпэкІэ хьэщІэщхэр, зыгъэпсэхупІэхэр, шхапІэхэр щиухуэ къудейуэ. Абы деж дыщыІащ, и хэщІапІэр хуит къытхуищІыну икІи къыддэІэпыкъуну дыкъигъэгугъащ. Фильмым и процент 90-р абы и пщІантІэм щытетхынущ, абы папщІэ дэ дызыхуей ухуэныгъэхэр дэтщІыхьынущ, итІанэ Ленинград, Новороссийск сценэ гуэрхэр щытетхынущ.

Мыр документальнэ фильмкъым, атІэ художественнэщ. Лъабжьэ хуэхъур къэхъуа Іуэхущ. Дауи, мыбы режиссёрым и еплъыкІэ хэслъхьэнущ, сызэрыхуейуэ згъэщІэрэщІэнущ, ауэ щымыІарэ къэгупсысарэ хэтынукъым, художественнэ Іэмал къэзгъэсэбэпыну аркъудейщ. Сценарийр зытхар Хьэкъул Ратмирщ, - къыджиІащ ЕмкІуж Андзор.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Азэмэт и IэрыкIхэм лъэпкъыр егъэбей

Адыгэм ижь-ижьыж лъандэрэ къыдекIуэкI Iуэху щхьэпэхэм ящыщщ Iэпщ1элъапщIагъэр. Абы дыщэм, дыжьыным, гъуаплъэм, жэзым, пхъэм, фэм, гъущIым зыхуеину хьэпшыпыр къыхищIыкIырт, унагъуэм къыщигъэсэбэпынухэмрэ унэлъащIэмрэ и IэкIэ зэригъэпэщыжыфырт. Нобэ апхуэдэ Iэзагъ зыбгъэдэлъхэр адыгэ нэсу къэплъытэ хъунущ. Хьэбэз къуажэр къулейщ апхуэдэ цIыхухэмкIэ. МызыгъуэгукIэ зэдгъэцIыхуахэм ящыщщ Адышэс Азэмэт.

АБЫ Хьэбэз курыт еджапIэм биологиемкIэ щрегъаджэ. Езым къиухар Адыгэ къэрал университетым биологиемкIэ и факультетращ. ЩIалэ акъылыфIэм, зэчиифIэм, дерс нэхъыщхьэхэм къадэкIуэу, щIэблэр лэжьыгъэм щыхуагъасэ, робототехникэ, шахмат, авиамоделирование хуэдэ дерсхэр ирегъэкIуэкI. Егъэджэныгъэ зэманым къыщыдэхуэм, Азэмэт гъущIым, фэм, пхъэм йолэжь, адыгэм ижь-ижьыж лъандэрэ къыдэгъуэгурыкIуэ, пщIантIэм, унэм къыщагъэсэбэп хьэпшыпхэм хуэIэзэу ахэр ещI. Ауэ езым нэхъ игу дыхьэу, цIыхухэри нэхъ къыщIэупщIэу нобэ и цIэр зыгъэIуар адыгэ сэжьейхэр щIынырщ.

Iуэхум и пэр умыщIэмэ, и кIэри пщIэркъым жыхуаIэращи, зи Iэдакъэщ1хэр Кавказ псом щызэбграх Адышэс Азэмэт зэрыцIыкIурэ хэтщ мы Iуэхум, и Iэпщ1элъапщIагъымкIэ зэщхь хъужар и адэращ.

- Нэхъ жыжьэж уIэбэмэ, лъэтеувэ щыслхуащIам хьэлыуэ Iэнэм къытесхар уадэщ. Упщ1э псоми я жэуапыр абы хэлъу къысщохъу. Уадэ къыхэсхати, Iэпщ1элъапщIэ сыхъуауэ аракъым. АтIэ Iэщ1агъэр схэлъу сыкъалъхуати, ар нэрылъагъу ищIу уадэ къыхэсхауэ аращ. Мыр цIыхухэм къагурыIуэну сыхуейт. Дауэ ахэр зэрегупсысыр? Лъэтеувэм сабийм къыих хьэпшыпым елъытауэ Iэщ1агъэ хуэхъунур къащIэу я гугъэщ. Хьэуэ. Ныбжьыщ1эр зыгуэрым къыхуигъэщIащи, ар къэзыгъэлъагъуэ Iэмэпсымэр къищтэу сыту щхьэпагъ ин пылъынут, мы Iуэхур курыт еджапIэхэм къыщалъытэу щытамэ. Псалъэм папщIэ, школакIуэм и лъэтеувэм къыхихам теухуауэ, Iэщ1агъэлIхэр къыдэлажьэурэ и зэчийм зрагъэужьу щытамэ. Мис итIанэ дэтхэнэми гъащIэм щиIэ увыпIэр тыншу щызыIэригъэхьэфынут, лъэ быдэкIэ тетынут, къыхихам теухуауи Iэщ1агъэлI телъыджэ хъунут.

Сэсыкъапщтэмэ, зэрысщIэжрэ Iэмэпсымэ гуэрхэр сIыгъ зэпытщ. АбыкIэ си адэм ещхь сыхъужауи жыпIэ хъунущ. Ар апхуэдабзэт, машинэ ищIыжми, дыщэм, дыжьыным къыхиIущIыкIами, и Iэр зэи увыIэртэкъым. Ар Iуэху иIэу дэкIа нэужь, и IункIыбзэмкIэ лъэщапIэр Iусхырти, зыгуэрхэм селэжьу, сэр-сэру зызгъэсэжу сыщIэтт. Абы нэмыщI, ансамбль зэхишауэ, цIыкIухэр игъасэрт си адэм. Лъэныкъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ Iэзагъ бгъэдэлъащ, - къыддогуашэ Азэмэт.

Адэфым къыщIэхъуа къуэфщ ди быслымыр. И унэ лъапсэ зэгъэпэщам хэлъ куэбжэм деж къыщыщIэдзауэ, дахэу дэплъагъуэ псори езым и IэкIэ ищIыжащ, уеблэмэ, хьэщIэщ пэлъытэу иIэ пэшышхуэм фIэлъ люстрэри, сыхьэтри, гъущIым, пхъэм къыхищIыкIри, зыми ямыIэ унэлъащIэу зэригъэпэщащ.

Iэщэ-фащэкIэ къулей лъэпкъым, сэшхуэ, къамэ, джатэ хуэдэхэр зи куэд адыгэм «сэжьейкIэ» зэджэ сэ цIыкIури Iэщэ пэлъытэу зэрихьэрт. Ауэ абы увыпIэ щхьэхуэ щиубыдырт ди лъэпкъым и щыIэныгъэм. Адыгэм къамэр пщIантIэм, пщэфIапIэм къыщигъэсэбэпыртэкъым, ауэ былым яукIынуми, Iэнэм къытралъхьэ ерыскъыр яупщIэтэнуми, яIыгъыр сэ цIыкIурат. Сэжьейр иIыгът зекIуэ ежьа адыгэлIым. Ар псынщIэт, тыншт, Iэрыхуэт.

Адыгэ сэжьейм езым и теплъэ, и щхьэхуэныгъэхэр иIэжщ. Ахэр зыджа, езым хуэдэ Iэщ1агъэлIхэм я деж щызэзыгъэщIа Азэмэт нэрылъагъуу къыбгурегъаIуэ адыгэсэр къызэрыпцIыхунур икIи жеIэ ар абхъазхэм, абазэхэм ейм зэрещхьыр, къэрэшейхэм, балъкъэрхэм я сэкI къэгъэшам къызэрыщхьэщыкIыр.

- Адыгэ сэжьейр псынщIэщ, сэкIри сэ тхьэмпэри захуэщ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, къэбгъэсэбэпыну тыншщ. Арагъэнщ ар илъэс миным щIигъууэ ди лъэпкъми щызэрахьэр, - жеIэ Азэмэт. - КъэбэрдеймкIэ къыщыщIаха хьэдэмыфым (мумия) и гъуэсу Iэмэпсымэ гуэрхэр къыщIэкIащ щIым. Мис абыхэм яхэлът зи гугъу тщIы сэжьейр, сэм и кIыр щауэ, сэ тхьэмпэр псэууэ, фэми зыри къыщымыщIауэ.

Абы и ныбжьыр къахутэну иужь щихьэм, илъэс 700 хъууэ къигъэлъэгъуащ къызэрапщытэ Iэмэпсымэм, уеблэмэ а Iэмэпсымэр нэхъ жыжьэ «плъэфу» щытамэ, нэхъыбэж къигъэлъэгъуэнри зыхуэIуа щыIэтэкъым.

Сэм ирихьэлIэну пкъыгъуэхэр хыв бжьакъуэм, былымыфэм, бзиихум, мэл бжьакъуэм, мамонтым и дзэм къыхех Азэмэт. Ахэр Москва, Якутие, Псыхуабэ, езы Хьэбэз щызыIэрегъэхьэ, Америкэм нэс кърашауэ ди къэралым щащэхэри яхэтщ. Сэ екIум къыдэкIуэу, ар зэрылъ сампIэми йогугъу щIалэр. Бзиихум къыхэщIыкIа сампIэм былымыфэр требзэжри, тхыпхъэщIыпхъэхэр трещIыхь, фIэдзапIэ цIыкIуи хуещIыж, и дамыгъэр тредзэжри, зейм хурегъэхьыж. Азэмэт и ныбжьэгъухэм, и Iэдакъэщ1экIыр къэзыцIыхуахэм ящыщу зыкъыхуэзыгъазэхэм яхуищIу аращ адыгэ сэ цIыкIур - сэжьейкIэ зэджэр. «Иджыпсту, ди гуапэ зэрыхъущи, шыр, хабзэр, бзэр, щэнхабзэр, адыгэ жыг хадэхэр, Iэщэ-фащэр щIыныр, зехьэныр къагъэщIэрэщIэж. Сэ схуэдэу елэжьхэм, зэфIэкI нэхъыбэж зиIэхэм нэмыщIи, адыгэм нэхъапэм зэрихьа хьэпшыпхэр яIэну хуейуэ, фащэ щатIэгъэну яфIэфIу къытхэтхэм гур хагъахъуэ. Сэжьейр япэ дыдэ зыхуэсщIахэм ящыщщ Туаршы Алий Юрэ и къуэр. Зыкъысхуэзыгъазэхэм я цIэ-унэцIэм и къеГъжьапIэр, е я лъэпкъ дамыгъэр сэ тхьэмпэм тетынур яфIэфIщ, сэ абы сыхэIэбэркъым, ауэ сампIэм сэ зэрысщIар къэзыгъэлъагъуэ дамыгъэ тызощIыхь. ДяпэкIэ сыхуейт зэкъуэш республикищым мыбы елэжьу исхэр дызэхыхьэу сэжьейм и патент къыдэтхэну. Адыгэсэм и теплъэр, и щIыкIэр, и щхьэхуэныгъэхэр дуней псом къыщацIыхуу, нэгъуэщIхэм яхэмыгъуащэу щытын щхьэкIэ.

Гур игъэкIуэдыркъым Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм Азэмэт хуэдэ щIалэ Iэпщ1элъапщIэхэр, адыгэм и хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэным, къэгъэщIэрэщIэным елэжьу зэрисым. Ахэр псори зэрощIэ, зэдолажьэ. А щIалэхэрщ нобэ Адышэс Азэмэт чэнджэщакIуэ, гъэсакIуэ хуэхъуауэ къилъытэхэр. ФIыщIэ яхуищIу къреIуэ абыхэм я цIэхэри.

Iэнащхьэм телъщ шабзэ екIу, шабзэшэхэр, фэм къыхэщIыкIа шабзалъэ зэгъэпэщар. Ар зи Iэдакъэщ1экIыр Азэмэтщ. Шабзэшэхэм япылъхэр 8 - 9 лIэщIыгъуэхэм яIыгъауэ щIым къыщIахыжахэщ. Адыгэ хьэпшып телъыджэр щищIым щIалэм къыдэIэпыкъуащ школакIуэхэр. Адышэсым и Iэзагъыр къыдэкIуэтей щIэблэм зэрабгъэдилъхьэм уасэ иIэкъым. Абы курыт еджапIэм щигъасэхэм нэмыщI, езым и лъэщапIэм къакIуэурэ адыгэ Iэщ1агъэжьым хуэIэрыхуэ защI къуажэдэс цIыкIухэм.

Азэмэт и мурадщ дяпэкIэ программэ зэхилъхьэу, ныбжьыщIэхэм гупищу зэщхьэщыхауэ ядэлажьэну. «Къапщтэмэ, си хъуэпсапIэщ Адыгэ пщIантIэ сиIэну, кIыщ хэту, гъэлъэгъуапIэ, еджапIэ пэш хэту, хьэщIэщ, пщэфIапIэ, шэщ, жыг хадэ хуэдэхэр щIыгъуу. Ар си щхьэ закъуэкIэ, дауи, схуэщIынукъым. А мурадыр зыхуэсIуэтауэ дэри зыгуэркIэ щIэгъэкъуэн дыхъуарэт жызыIахэм щхьэкIэ, карточкэ зэзгъэпэщащ», - къыхегъэщ Адышэсым.

НобэкIэ Азэмэт езым и хьэщIэщышхуэм сабийхэм щадолажьэ.

- Псом нэхърэ нэхъыщхьэу адыгэм и тхыдэм, щыIэкIэ-псэукIэм, хабзэм теухуауэ тхылъ щыIэн, а тхылъым еджэн хуейщ щIалэгъуалэр, армыхъумэ, интернетым ит хъыбарыпцIхэмрэ нэгъуэщI лъэпкъхэм къагупсысхэмрэ щIэблэр щIэппIыкI хъунукъым. ИтIанэ фэм, гъущIым, пхъэм елэжьыфу щытыпхъэщ. Ди сабийхэм хуэдэ щыIэкъым. ЕбгъэлъагъУ къудеймэ, япэ увыпIэ къахьу ящIыжынущ. Афэ джанэ цIыкIухэм я гъусэу сщIащ сэ. Хьэпшып гуэр щыпщIым деж абы и тхыдэр, и мыхьэнэр, и сэбэпынагъыр яжыбоIэ, апхуэдэурэ лъэпкъым къыдекIуэкIа щхьэхуэныгъэхэми уахутопсэлъыхь. ГъущI чыданэ зэрышыхьа псыгъуабзэу мин 20 - 25-рэ мэхъу афэ джанэр, быдэщ, ауэ псынщIэщ, килограмми 3 - 4 и хьэлъагъыу араща. Нэхъапэм былымыщхьэу 50-250-рэ щIату щытащ абы, япхуэдизу ягъэлъапIэрти.

Псом нэхърэ нэхъыщхьэу къэслъытэр, бзэращ. Бзэр лэжьэн хуейщ, бзэр яIурымылъмэ, я Iэми зыри ищIынукъым. Си Хьэбэз школым сабий 700 щIэсщи, псоми зыгуэрым зыхуагъасэ. Хэт шыкIэпшынэ ещI, хэт йоуэ... Абы уримыгушхуэнкIэ Iэмал иIэкъым.

Иджыпсту щIалэгъуалэр интернетым дехьэх, абы хъыбар мышыууэ кърахым щхьэр егъэутхъуэ. Адыгэм ятеухуауэ сыт нэхъыбэу илъыр? Къафэрэ джэгурэщ. Нэхъапэм адыгэр губгъуэм лажьэу итащ, ищIэнрэ ишхынрэ игъуэту псэуащ. Ди адэжьхэм я Iэпщ1элъапщIагъэр тIэкIу Iэщ1ыб тщIауэ, дыкъофэ, доджэгури дызэхэтщ.

Си лъэпкъ жыгыр зэзгъэпэщыжурэ сыздэлажьэм, Франджым щыпсэу Адышэсхэр къэзгъуэтыжащ. ЩIалэм сыт фщIэхэр жысIэу сыщыхутеуэм, «сэ машинэ сощIыж, си щхьэгъусэр мадэ», - къызжиIат. Дэнэ къыщалъхуами, щыпсэуми, лъым хэтыр зэи кIуэдынукъым. Абы гугъэфIхэр къызет сэ», - къызэщIекъуэж Азэмэт и гупсысэхэр.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.
Налшык – Черкесск - Хьэбэз.

Дзэ Iуэху хэхам хэтхэр зыщагъэгъупщэркъым

Черкесск дыщыщылэжьа махуэхэм, ди бысым редактор Абидокъуэ Люсанэ Беслъэней къуажэм ирагъэблэгъати, дыздишащ. ЩэнхабзэмкIэ унэм щызэхашат Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам щыIэхэр дэIыгъыным хуэгъэпса псапащIэ концерт. Къэралым иджыпсту щекIуэкI Iуэху нэхъыщхьэм теухуауэ адыгэ къуажэм къыщызэрагъэпэща зэхыхьэшхуэм хэтащ жьыри щIэри. Зи лъэ вакъэ изылъхьэр щызэхуэсат уардэунэ зэгъэпэщам, уеблэмэ гъунэгъу жылэхэм къикIахэр куэдт.

КОНЦЕРТЫМ еплъыпщIэу иратар «Родные сердца» фондым Iэрагъэхьащ, дзэ Iуэху хэхам си псэ емыблэжу къулыкъу щызыщIэ щIалэхэм зыщIагъэкъуэн папщIэ. Беслъэнейдэсхэм а пщыхьэщхьэм ягъэлъэгъуащ гущIэгъу зэрахэлъымрэ цIыхугъэр зэрыкIэнщэмрэ. Билет уасэм нэмыщI, щхьэж игу пыкIым хуэдиз ашыкым иридзэрт, уеблэмэ, сабийхэм я гъэтIылъыгъэхэри къыздахьауэ, сомищэ зыбжанэр я гур хэхъуэу халъхьэрт. Нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми фIыуэ къагурыIуэрт зауэ губгъуэм ит ди щIалэхэр апхуэдэ щIыбагъ зэрыхуэныкъуэр, хэкум, унэм къикI хъыбар гуапэхэм зэригъэгушхуэр.

Пшыхь дахэр къызэгъэпэщынымрэ егъэкIуэкIынымрэ я пщэ дэлъащ Беслъэней къуажэм и администрацэм и Iэтащхьэ Тхьэгъэпсэу Гарри, абы и къуэдзэ ХъытIу Мадинэ, ЩэнхабзэмкIэ унэм и унафэщI Уэхъутэ Iэминат сымэ.

- Псапащ1э Iуэхур зи жэрдэмыр къуажэ администрацэмрэ ЩэнхабзэмкIэ унэмрэ я лэжьакIуэхэрщ. Ныщхьэбэ цIыхур уэру къызэрекIуэлIам, дэтхэнэми и Iыхьэ гуэр Iуэхум хилъхьэну зэрыхьэзырым къегъэлъагъуэ ди зэкъуэтыныгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ. Къуажэдэсхэм къагуроIуэ мыпхуэдэ псапащIэ Iуэхухэм ди лIыхъужьхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр, абыхэм дазэрыдэIэпыкъум нэмыщI, гушхуэныгъэ зэрахэтлъхьэр, - жиIащ Тхьэгъэпсэу Гарри.

«Дэ ди къалэнщ Урысейм ифI зыхэлъ Iуэхухэр ихъумэу, и мамырыгъэмрэ щхьэхуитыныгъэмрэ къызэригъэпэщу фронтым Iут ди щIалэхэр дэтIыгъыныр. Iэмалу диIэр къызэдгъэпэщу къэралым ищIэр тщIэн хуейщ, адрей хэгъэгухэм закъыкIэрыдмыгъэхуу мы Iуэхум ди зэфIэкI псори етхьэлIапхъэщ», - къыпищащ Беслъэней жылэм и нэхъыжьыфI Къардэн Алий.

Мы къуажэм я щыпэщIэкъым а пщыхьэщхьэм къызэрагъэпэщар. Дзэ Iуэху хэхам зэрыщIидзэрэ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэр абы игъэкIуа щIалэхэм ядоIэпыкъу, зыхуэныкъуэIамэ яIэрегъэхьэ, гуманитар дэIэпыкъуныгъэхэр, къэралым и адрей щIыналъэхэми хуэдэу, щIэх-щIэхыурэ ирегъашэ. Республикэ унафэщIхэм ялэжьхэм къадэкIуэу, къуажэкIэрэ, унагъуэкIэрэ, гуп щхьэхуэурэ Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ ядоIэпыкъу ди мамыр гъащIэр къэзыхъумэ щIалэхэм. Абы къыдэкIуэуи «Дэ дызэкъуэтщ» республикэ щIыналъэ штабым и псапащIэ счётым ахъшэ ирегъэхь зыхуэзэфIэкI дэтхэнэ зыми.

Беслъэней дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм къыщызэхуэсахэм я нэгу зрагъэужьащ Къэрэшей-Шэрджэсым щыцIэрыIуэ уэрэджыIакIуэхэу Унэж МуIэед, Нэхущ Рустам, Лыхь Данэ, Хъупсрокъуэ Мурат, Пхъэш Азэмэт, «Синдика» къэфакIуэ гупым, нэгъуэщIхэми.

КЪЭБАРТ Мирэ.
Налшык - Черкесск - Беслъэней.

Тхыдэ напэкІуэцІхэр нэрылъагъу зыщІыф Жумай Анзор

Къэрэшей-Шэрджэсым дыщыщылэжьа махуэхэм ящыщ зыр Хьэбэз жылэм щыдгъэкІуащ. Республикэм шэрджэс нэхъыбэ щыпсэууэ иІэ Хьэбэз, Адыгэ-Хьэблэ районитІым адыгэ жылэу 17 къызэщІаубыдэ, Хьэбэз - 13, Адыгэ-Хьэблэ - 4.

Ди къуэш хэгъэгум щынэхъ цІэрыІуэ къуажэхэм ящыщщ Хьэбэз. И дахагъымрэ зыхуей хуэзэу зэрыпсэумрэ-къым ар зи фІыгъэр, атІэ къуажэдэсхэрщ, нэхъыжьыфІхэрщ, къащІэхъуэ щІэблэрщ, абыхэм я ущиякІуэхэрщ.

Хьэбэз и цІыху гъэщІэгъуэнхэм ящыщщ Жумай Анзор, и гъэщІэгъуэнагъым хуэдиз беягъи бгъэдэлъщ. А беягъыр нэфыгъуэ зытрамыгъаплъэ хьэпшыпхэу къыщІэкІащ, арагъэнщ цІыху куэдым щІаримыгъэлъагъури. Ауэ шыпхэу пэлъытэ хуэхъуа Абидокъуэ Люсанэ Адыгеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ къикІа журналистхэр хуишэну щыжриІэм игъэщІэхъуакъым. Апхуэдэ щІыкІэкІэ, си лэжьэгъу, «Адыгэ макъ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Тау Замирэрэ сэрэ ди кІэн къикІащ Урысей Федерацэм щыцІэрыІуэ коллекционерым дыхуэзэну.

АДЫГЭЛІЫМ и шыфэлІыфэр уи нэгу къыщІигъэувэу къытпежьащ Анзор, адыгэ фащэкІэ зэщыхуэпыкІарэ кІэрылъ Іэщэ-фащэхэмкІэ зэщІэуэзэдауэ. Дыжьынымрэ фэмрэ къыхэщІыкІауэ фащэр зыгъэдахэ хьэпшыпхэм я тхыдэр жыжьэ къыщожьэ, ар лІакъуэкІэрэ зэІэпахыурэ нобэм къэсащ. Езым къызэрыджиІамкІэ, хьэпшыпхэр зейуэ щытар и адэшхуэм и адэрщ. Анзор и адэ Хъызыр дунейм къыщытехьам ар къызыхуалъхуа щІалэм и адэм хьэпшыпхэр къритауэ щытащ, «уи къуэрылъхукІэ зехьэ» жиІэри. Адэшхуэм и уэсятыр ягъэзэщІащ Жумайхэ. Нобэ Анзор щыгъ фащэ зэгъэпэщар и адэми, и адэ къуэшхэми щатІэгъакъым, езыр курыт ныбжьым нэсу лІыпІэ щиувэм кратыжащ. АдэкІэ ар зезыхьэну хуитыныгъэ зиІэр Анзор и къуэрылъху нэхъыжьырщ, лІыпІэ иувэмэ...

Жумай Анзор унэ щІыбымкІэ щиІэ муэйм ущІыхьэн ипэ къихуэу нэм къыІуидзэр адыгэ пщІантІэм, жьэгум къыщагъэсэбэпу щыта хьэпшыпхэрщ. Ди адэшхуэхэм я лъапсэжь укъихута хуэдэщ шыуан зэфІэдзар, чейхэр, пхъэпсхэр, пхъэм зэрелэжь Іэмэпсымэхэр, мафІэ пэрыІэбэ, гу шэрхъ, шы лъэрыгъ, адыгэ фащэ хуэдэхэр щыплъагъукІэ. Абы жеІэ адыгэм сыт щыгъуи илъагъур и Іэкіэ ищІыжу зэрыщытар, унагъуэм, губгъуэм къыщигъэсэбэпын Іэмэпсымэ зэрыхуэмыныкъуар. Абыхэм уаблэкІрэ, уней музейм ущІыхьэмэ, и лъэпкъ дамыгъэм деж щегъэжьауэ плъагъу псори телъыдэжщ, дэтхэнэми тхыдэ щхьэхуэ иІэу.

Жумайм и хъумапІэм щІэлъ хьэпшыпхэр зищІысыр, къыздикІар зэбгъэщІэн папщІэ жэщ-махуэ куэдкІэ убгъэдэсын хуейщ. ЖьакІуэрэ Іущу къызыпхутепсэлъыхь лІэщІыгъуэм, пащтыхьыгъуэм, хьэпшып я нэхъ цІыкІум и хъыбарым тхыдэ напэкІуэцІхэр нэрылъагъу пщащІыф, лІэщІыгъуэкІэ узэрагъэплъэкІыж, ди зэрэм ипэкІэ щыІа щэнхабзэ зэмылІэужьыгъуэхэр уагъэцІыху. Псалъэм къыдэкІуэу жыпІэмэ, хьэпшыпу музейм щІэлъым я «нэхъыжьыр» бзылъхугъэ Іэпщэхъурщ, къызыхэщІыкІар абджщ, щыІэзрахьар кобан щэнхабзэкІэ зэджэ лъэхъэнэрщ, ар ди эрэм ипэкІэ 1100 - 400 гъэхэрщ.

Нэхъ уасэ зыхуэщІыпхъэхэм ящыщщ ягъ дыдэу, 1951 гъэм, къыдэкІа «Нартхэр» тхылъыр. Ар аукционым къыщицэхуащ сом мин 40-кІэ. «Мы тхылъыр сызэрыцІыкІурэ си Іэпэгъуу щытауэ жыпІэ хъунущ, - жеІэ Анзор. - ДыщыцІыкІум ди анэр

къытхуеджэу щытащ, тІэкІу къегугъуэкІми, урысыбзэкІэ къеджэурэ адыгэбзэкІэ къыджиІэжырт. Ауэ, ар зыгуэрым иратри, къытхуихьыжакъым. Куэд щІауэ сигу илът апхуэдэ тхылъ зыІэрызгъэхьэжьнуи, интернетым сыщрихьэлІэри, зы къэбэрдей щІалэ сэрэ аукционым дыщызэпэщІэтурэ, сом щищ зи уасэу ирагъэжьа тхылъыр, сом мин 40-м нэс дэкІуейри, къэсщэхуауэ щытащ», - жеІэ Анзор. Апхуэдэу лъапІэу къищэхуахэр куэд мэхъу, зыгуэр зыІэригъэхьэн папщІэ километр бжыгъэу зэпичари мащІэкъым.

И гъащІэм и уасэращ хьэпшыпхэм яхуигъэувыр

Анзор и гъэтІылъыгъэхэр мин 70-м щІегъу, абы щыщу дэ тлъэгъуар проценти 10 - 20 къудейщ. ИтІани нэр пІэпихыу телъыджэщ, дыжьын къабзэм къыхэщІыкІа бгырыпхэр, дыщэпс зытегъэлъэда сэшхуэхэр, блэкІа лІэщІыгъуэхэм зэрахьа сэхэр, къамэхэр, цІыхухъу, цІыхубз фащэхэр зэрагъэщІэращІэу щыта хьэпшып цІыкІуфэкІухэр, пшынэхэр, бэрэбанхэр, пхъэцІычхэр, хьэзырхэр, адыгэ уэрэдыжьхэр зытет пластинкэхэр, 19 лІэщІыгъуэ лъандэрэ и анэшхуэм ейуэ нобэм къэса фисгармонкІэ зэджэ щІым щыт макъамэ Іэмэпсымэр, и адэр зыхэлъа гущэр, гущэ щхьэнтэр, цІыбэр...

Лъэпкъым, и адэшхуэ-анэшхуэхэм къащІэна хьэпшыпхэм нэмыщІ, абы и гъэтІылъыгъэхэм узыщримыхьэлІэ щыІэкъым. Музейм щІыпІэ щхьэхуэ щиубыду къысщыхъуащ ахъшэхэмрэ ахъшэ жьгъейхэмрэ. Монгол-тэтэр ахъшэ, мамлюкхэм зэрахьа ахъшэ, Узбек-хъан и дыжьын жьгъей... Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыри щІихъумэм щхьэусыгъуэ иІэщ. «Узбек-хъан и ахъшэр Семфирополь сыкІуэу къыщІэсщэхуар, хьэл зэпІэзэрыт, пэжагъ зыхэлъ пащтыхьу тхыдэм къызэрыхэнарщ, ар и блыгущІэтхэми, пащтыхьхэми, бийхэми зэхуэдэу яхущытт, пэжагърат япэ иригъэщыр», - жеІэ Анзор.

Жумайм и хьэпшыпхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэр иджыпсту Урысейм и къалэхэм дэт музеитхум щокІуэкІ. Абыхэм языхэзым щІэтщ адыгэ афэ джанэр. НобэкІэ сом мелуани 8-м нэс кратыну къраІуэкІ пэтми, ар зэрищэн мылъку щыІэкъым. «Си гъэтІылъыгъэхэм уасэ хуэсщІу цІыхум есщэфынукъым, си гъащІэм уасэ хуэзгъэувыфыну? Мис абы хуэдэщ хьэпшыпхэри», - жеІэ абы.

Утыкушхуэхэм ихьэн хуейщ

ЩІыхь тхылърэ щІыхь дамыгъэу Анзор иІэр бжыгъэншэщ. Абыхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 95-рэ, 100 щрикъуэхэм ирихьэлІэу Налшык щрагъэкІуэкІа гъэлъэгъуэныгъэхэм зэрыхэтам папщІэ кърата ФІыщІэ тхылъыр; адыгэм и тхыдэр хъумэнымрэ лъэпкъым бгъэдэлъ хъугъуэфІыгъуэр къэІэтыжьынымрэ хуищІ хэлъхьэныгъэм папщІэ Шэрджэс Хасэм къыхуигъэфэща ЩІыхь тхылъыр, Новороссийск къалэм Коллекционерхэм я слету щекІуэкІам зэрыхэтам папщІэ ЩІыхь тхылъыр, нэгъуэщІ куэди.

ЛІыгъэщІапІэ лІы икІуадэркъым жыхуиІэм хуэдэу, Анзор и хьэпшыпхэр щигъэлъэгъуа щІыпІэхэмрэ къыхуагъэфэща дамыгъэхэмрэ куэд мэхъу. Ар зыхэт гъэлъэгъуэныгъэхэм еплъыр коллекционерхэм я закъуэкъым, атІэ апхуэдэ зэхыхьэхэм тхыдэр зыфІэгъэщІэгъуэн куэд къыщызэхуос. Бысым щІалэм зэрыжиІэмкІэ, щхьэпагъ куэди япылъщ абыхэм. «Дэ тхуэдэ коллекционерхэр утыкушхуэхэм ихьэным мыхьэнэшхуэ иІэщ. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, зы лъэпкъым зэрихьэ хьэпшып, къыдэгъуэгурыкІуэ хабзэ нэгъуэщІым къищтэну иужь щихьэ щыІэщ. Дэ нэхъыбэрэ зэхыхьэхэм дыкІуэмэ, нэхъыфІу дыкъацІыхунущ, ди беягъымрэ шыфэлІыфэмрэ зыми хэгъуэщэнукъым. Адыгэ шы лъэрыгъыр зейр тэтэрхэращ жиІэу зыгуэр къызэдэуащ сэ. Ар ди лъэпкъым ейуэ зэрыщытым и нэщэнэ куэд къыхуэсхьри, и фІэщ сщІащ. Дэ езым ди лажьэжщ апхуэдэу зыгуэрхэр къызэрыдэныкъуэкъур. Нэхъыбэрэ щІыхухэм дахыхьэн, закъедгъэщІыхун хуейщ.

Си къуажэ къудейр къащти, щІыху Іэпщ-лъапщІэу, Іэпэлъэсэу дэсыр пхужьІэнкъым, ар адыгэм къыдэгъуэгурыкІуэ Іэзагъщ, зэфІэкІщ. Си щхьэр лъагэу сагъэлъагъуж адыгэсэ, адыгэ пыІэ, уанэ ящІу, гъущІым, пхъэм елэжьу, адыгэ фащэ яду ди Хьэбэз дэсхэм.

Адыгэпсэр къоджэмэ...

ГукІи псэкІи лъэпкъым зэрыхуэщхьэпэн Іуэху зэрихуэу и гъащІэр ехь адыгэм. Апхуэдэщ Анзор. Лъэпкъым и зыужьыныгъэм, тхыдэр хъумэным, анэдэлъхубзэр щІэблэм яІурылъын, адыгэ хабзэр я Іэпэгъуу щытын щхьэкІэ адыгэлІым зэфІимыгъэкІ щыІэкъым. Уеблэмэ, республикэм къыщыдэкІ «Черкес хэку» адыгэ газетыр къуажэм дэс унагъуэ къэс традэзным кІэлъоплъ, абыкІэ сэбэп мэхъу.

Езым и адэ-анэм драгъэхьэхыу бгъэхэІу дамыгъэ щІыкІухэр зэхуихьэсын щІидзауэ арами, илъэс 20 - 30-кІэ узэІэбэкІыжмэ, лъэпкъым къыдэгъуэгурыкІуа хьэпшыпхэр ебэкІ хъуащ къыІэрыхьэхэм.

- Сыт хуэдэ Іуэху иужь уитми, ууейм, къыбдалъхуам, укъыщалъхуам ухуокІуэж, - къыддогуашэ Анзор. - Зы илъэситху хуэдэкІэ сыкІуащ сэ гъэлъэгъуэныгъэхэм, утыку сызэрихьи, зэрызызгъэлъагъуи щымыІэу, сахэплъэ къудейуэ. Ауэрэ гу лъыстащ лъэпкъым ейуэ хэт сыт иІэми, зыщытхъужу яІэ мащІэр зэраІэтым. ИтІанэ сигу къэкІащ ди лъэпкъым и беягъыр щхьэ мыбыхэм едгъэцІыхун хуэмейрэ жысІэри. ИтІани Кавказым ис лъэпкъхэм нэгъуэщІ щІыпІэ кІуэхэурэ, ди адыгэ хьэпшыпхэр езыхэм ейуэ жаІэу ягъэлъагъуэ. Мис ар къалъытэу, Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщхэр нэхъыбэрэ ежьэн хуейщ. Уи беягъыр (коллекционерхэращ жыхуэсІэр) куэдым ебгъэлъагъуну уэзрыхуэмейр къызгуроІуэ, ауэ абы сэбэпынагъыу пылъыр инщ. Хуабжьу си гуапэ мэхъу, нэгъуэщІ къалэхэм си къуэш адыгейхэм, къэбэрдейхэм сащыщыхуэзэм деж.

ЩІалэгъуалэм я зэхэщІыкІым зригъэужьынущ

Илъэс 50 хъуауэ зэхуехьэс Анзор и хьэпшыпхэр. Хьэбэз къуажэм и администрацэм щІы хухихащ Жумайм, музей ящІу и хьэпшыпхэр щІалъхьэну. Ауэ ар езым къищэхурэ унэр трищІыхьыжмэ, нэхъ къищтэу, дэфтэр Іуэхухэр зэфІигъэкІауэ, дяпэкІэ музей ищІыну и мурадщ.

«Музейр си хьэпшыпхэм я гъэтІылъыпІэ къудей мыхъуу, адыгэ щІалэгъуалэр бзэмрэ хабзэмрэ щыщІапІыкІ, тхыдэм щыгъуазэ щащІ унэу щытыну сыхуейщ. Абы и пщІантІэм сабий джэгупІэхэр дэтынущ, зыгъэпсэхупІэхэр иІэнущ. Ауэ си лъэпкъым къыщІэхъуэ щІэблэм я дежкІэ нэхъыщхьэр адыгэбзэкІэ псэлъэнращ, адыгэбзэкІэ мыпсалъэ сабийм сэ гулъытэ хуэсщІыфынукъым.

Къищынэмыщ1ауэ, ар туристхэм я кІуапІэу щытынущ. Блэж-къыблэжьыжхэр абдеж къэувыІэмэ, къыздэкІуа щІыр, къызыхьа лъэпкъыр, абы и дуней тетыкІэр, и щыІэкІэ-псэукІэр, хэкур зыхуэдэр зрагъэЦІыхуфынущ.

Щэнхабзэр зыхъумэ уэрэджыІакІуэхэм, къэфакІуэхэм, тхыдэджхэмрэ ар цІыкІухэм езыгъэджхэмрэ куэдкІэ къащхьэщокІ си Іэщ1агъэр. Мызэ-мытІэу школакІуэхэр щыІащ си деж. Музейм щІэлъ ахъшэхэр къащти, абыхэмкІэ тхыдэр нэрылъагъуу езгъэджыфынущ ныбжьыщІэхэм, ди эрэм ипэкІэ щыІахэмрэ къэхъуахэмрэ езгъэлъагъуфынущ зэхуэсхьэса хьэпшыпхэмкІэ. Дерс гъущэм щІэс нэхърэ, апхуэдэ зэпсэльэныгъэм мыхьэнэ нэхъыбэ зэриІэр, сабийхэм нэхъыбэ ягу зэрыраубыдэр згъэунэхуащ», - жеІэ тхыдэм и хъумакІуэ щІалэм.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.
Налшык - Черкесск - Хьэбэз.



«Вагъуэбэм» куэд къыдехьэх

Сидакъ Сулътlан и цlэр зэрихьэу Хьэбэз дэт гъуаздджэмкlэ сабий еджапlэм егъэджэныгъэ, гъэсэныгъэ lуэху дахэ куэд щокlуэкl. Ашэбокъуэ Азэмэтрэ Iэсиятрэ я нэlэ щlэту ягъасэ адыгэ макъамэ Iэмэпсымэхэмкlэ «Вагъуэбэ» ансамблыр. Абы хэт цlыкlухэр ныбжькlэ щlалэми, я зэфlэкlыр икъукlэ лъагэщ, адыгэ къуажэ къыдэкlауэ арами, я цlэр жыжьэ lуащ.

АНСАМБЛЫМ зыкъыщигъэлъагъуэр Къэрэшей-Шэрджэсым щекlуэкl зэлъущlэхэм, зэпеуэхэм я закъуэкъым, атlэ Кавказми, Урысейми къыщацlыхуну хунэсащ. Уеблэмэ, хамэ къэралхэм къыщызэрагъэпэщ фестивалхэми хэтащ. Иджыблагъэ ахэр къикlыжащ Тыркум. Абы щекlуэкlа, Адыгэ щэнхабзэмкlэ дунейпсо фестивалым хэтащ, хамэ хэку щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр ягъэлъапlащ, ягъэгушхуащ.

Журналистхэм къытхуэзэн папщlэ ныбжьыщlэхэр Хьэбэз дэт Щэнхабзэмкlэ унэм щызэхуэсат. Апхуэдэ цlыху зэчиифlэхэм уаlуща нэужь, псалъэ лей хэмыту я Iэзагъыр зэбгъэлъагъуну ухуопабгъэ. Ди нэр къызэрикlыр ящlэ хъунти, Iэсият ныбжьыщlэхэр къригъэтlысэкlащ. Еуэн щlамыдзэ щlыкlэ, псэр етхьэкъу абыхэм яlыгъ Iэмэпсымэхэм - зыкlэпшынэ, Iэпэпшынэ, пхъэцlыч, пхъэтlаркъ, къамыл, сыринэ... Арыхэуи а псори зэщlэжьыуэу, зы макъами къыхэмыхуу еуэн щlадзэ. Щlалэхэмрэ пщащэхэмрэ уаlумыплъэмэ, макъамэм жыжьэ дыдэ уихьынуц, уи гупсысэр куэдым хуигъэкlуэнуц, уи псэм щыушэ гурыщlэм узыlэпишэнущ. Гуфlэ нэкlуу щыс сабий зэкlужхэм я нэгу уиплъа нэужь, уи гур къызэрогъуэтыж, мыпхуэдэ щlэблэ зиlэ адыгэм и къэкlуэнур кlыхь, дахэ зэрыхъунур уи фlэщ мэхъу. «Вагъуэбэр» макъамэ зыбжанэ тхуеуащ, ауэ псэм зигъэнщlакъым, итlани концерт псо дыщlэсам хуэдэу гум щыз хъуащ. Адыгэм сыту ди насып мы къулеигъэхэр зэрыдиlэмкlэ, сыту фlыгъуэшхуэ апхуэдэ щlэблэ къыпщlэхъуэну!

А псори зи фlыщlэр цlыкlухэм, абыхэм къакъуэт адэ-анэм я закъуэкъым, атlэ я зэфlэкlым зезыгъэужь Iэщlагъэлlхэрщ. Ди упщlэхэм я гуапэу жэуап къратащ **Ашэбокъуэ зэщхьэгъусэхэу Азэмэтрэ Iэсиятрэ**.

Iэсият: - Ди ансамблым «Вагъуэбэ» зэрыфlэтщрэ илъэс 12 мэхъу. А илъэс бжыгъэм, къыдэкlуэтейр щlэкlыурэ, балигъыпlэ иувэурэ, куэдым дадэлэжьащ. Си адэм и цlэр зезыхьэ ди школым гъуазджэм и лъэныкъуэ куэдым щыхуагъасэ щlэблэр. Къафэмкlэ, фортепианэмкlэ, уэрэд жыlэнымкlэ ядолажьэ, художественнэ, цlыхубэ унэтlыныгъэхэр иlэщ.

Дэ лъэпкъ макъамэ Iэмэпсымэхэмкlэ дызыдэлажьэхэр гупищу зэщхьэщокl: нэхъыжьхэр, курытхэр, нэхъыщlэхэр. Ахэр Хьэбэз къудейкъым зыщыщыр, атlэ Черкесск къикlхэри яхэтщ. Ар зи фlыщlэр ди деж къекlуалlэ цlыкlухэм я адэ-анэхэращ, абыхэм емызэшыжу къытхуашэ я бынхэр.

Едгъэщlэну нэхъ дызыпылъыр пасэрей адыгэ уэрэдыжьхэрщ, пасэрей макъамэхэрщ. Езы сабийхэми къыщытхуахь щыlэщ, зы щlыпlэ щызэхахауэ, ягу ирихьауэ, дгъэзэщlэнт жаlэу.

Сфlэфlщ сабийхэм мы лъэныкъуэмкlэ щlэныгъэ зэрызрагъэгъуэтыр. Сыт щыгъуи жызоlэ: макъамэ школ къэзыуха ныбжьыщlэм зэи lей ищlэнукъым, сыт щхьэкlэ жыпlэмэ, дахагъэмрэ фlагъымрэщ ар зыхуэбущийр. Ар зигу иримыхьым къиухыркъым еджапlэр, езыр-езырурэ похуж.

Ди деж къекlуалlэ цlыкlухэр зэчиифlэ защlэщ. Зыр адрейм дэlэпыкъужу, уеблэмэ дэри чэнджэщгъу къытхуэхъуу, зыр зэуэфым и ныбжьэгъур иригъасэу, нэгъуэщlу жыпlэмэ, щхьэж и зэфlэкlымкlэ зэхъуажэу апхуэдэщ. Абыхэм уащыкlэлъыплъым деж уи гур хохуэ, ебгъащlэр зэрызыхалъхьэм, яфlэгъэщlэгъуэну зэрызрагъэужьым нэхъыбэжым утрегъэгушхуэ.

Зэпеуэ куэдым дыщыlащ, хамэ къэралхэми тшащ. Мыхэр утыку ихьакlэ, зэи уагъэукlытэнукъым. Дэнэ дыкlуэми, псори къехъуапсэу, япэ увыпlэр къахьамэ, яхуэфащэ дыдэщ жаlэу гупым дакъыхокlыж. Апхуэдэхэм деж пщlэм хъер зэрыпылъыр нэрылъагъу мэхъу, - жеlэ Iэсият.

«Вагъуэбэ» ансамблыр зэуэ Iэмэпсымэ псори зыщlыр езы **Азэмэтщ**:

- 2000 гъэхэм щlэздзащ макъамэ Iэмэпсымэхэм елэжьын. Макъамэр сфIэфIт, ауэ сыт щыгъуи нэхъ сыдэзыхьэхыр ар къызрагъэкlхэрат, абы нэхъ набдзэгубдзаплъэу сыкlэлъыплъырт. Ар зэрысфlэгъэщlэгъуэныр си адэм илъэгъуати, езыр пхъэм елэжьырти, сызыбгъуригъэувэурэ сигъэсащ. Си ныбжьэгъухэм гитарэ, сыт хуэдэхэр къутамэ, къысхуахьурэ сщlыжу гу щылъитэм, ди адэм жиlащ шыкlэпшынэ щlыным зеспщытыну. А лъэхъэнэхэм Гъукlэ Замудин гъэлъэгъуэныгъэ иlэу Черкесск къикlауэ щытащ. Сэ абы щыгъуэм япэ шыкlэпшынэр сщlагъэххэт, ауэ макъ къикlыртэкъым. Ар езгъэлъагъури, къызита чэнджэщхэм сытету, тхылъхэри зыlэрызгъэхьэри, итхэр ззэгъащlэурэ зезгъэсауэ жыпlэ хъунущ.

ШыкlэпшынитI зэхуэдэу зэи пхуэщlынукъым, макъ къызэрикlыр зэщхькъым, дэтхэнэми езым и щхьэхуэныгъэ иlэжщ.

Шыкlэпшынэм макъамэ къизымыгъэкlыфын сабий щыIэкъым. Ар цlыхур зэрыдихьэхым елъытащ. Пэжщ, хэт нэхъ псынщlэу, хэт нэхъ хуэму къеещтэ. Хуейуэ емыуэфа слъэгъуакъым.

Мыхэр зэуэхэм нэмыщl, цlыхухэр къызэлъэlуурэ яхузощl. Тыркум, Иорданием, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм щыщхэм яIыгъщ си Iэдакъэщlэкlхэм ящыщ, - къыддогуашэ Азэмэт.

Ашэбокъуэхэ Азэмэтрэ Iэсиятрэ цlыкlухэм я зэфlэкlымрэ егугъуныгъэмрэ щатепсэлъэхьым деж, псэкlэ нэхъ къулей хъууэ къыпщохъу. Езы цlыкlухэми, ди зэхуэзэм кърихьэлlа анэхэми зэщхьэгъусэхэм фlыщlэ хуащl. Апхуэдэу зэгурыIуэу, зым ищlэр адрейм фlэдахэу зэхэт гупым лъэпкъым и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ зегъэужьыным хэлъхьэныгъэу хуащlым уасэ иlэкъым.

ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.

Псыпэр езышэжьахэр

Тау Замирэрэ НэщIэпыджэ Замирэрэ адыгэ газетхэм зэгъусэу ирагъэжьа Iуэху дахэм и псыпэр езышэжьа журналистхэщ. Махуиплlым къриубыдэу ди къуэш Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм зэрыщlар, абы щыпсэу адыгэхэм ятеухуахэр Адыгеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ къыщыдэкl газетхэм убгъуауэ къытрадзэжащ.

УРЫСЕЙ Федерацэм, Адыгэ Республикэм щlыхь зиlэ я журналист, «Адыгэ макъ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ **Тау Замирэ Дзэпщ и пхъум** 1995 гъэм и Iэщlагъэмкlэ лэжьэн щыщlидзащ «Адыгей» КъТРК-м икlи илъэс 30-м нэблэгъауэ республикэ журналистикэм и гуащlэ хилъхьэу фIыуэ илъагъу Iэнатlэм пэрытщ. УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт бзылъхугъэр АР-м и журналист нэхъ пажэхэм хабжэ. Абы илъэс куэдкlэ игъэхьэзыращ езым къигупсыса телепроект гъэщlэгъуэнхэр, абыхэм ящыщ «Лъэпкъ лъэмыж» программэр щытрихащ адыгэхэр нэхъыбэу зэрыс Тыркум, Израилым, Иорданием, Франджым, Германием, Испанием, нэгъуэщlхэми. Таум фильм куэд трихащ «Си Адыгей», «Джэныкъу», «Священный котел нартов», «Мир нашему дому», «Дыщэ кlэн» телепроектэмкlэ. И лэжьыгъэхэр зэрыт тхылъи къыдэкlащ.

2022 гъэ лъандэрэ Замирэ «Адыгэ макъ» республикэ газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэщ. Газет Iуэхур телевиденэм и жыпхъэхэм куэдкlэ къыщхьэщыкlми, Замирэ и адэр щылэжьа республикэ газетым щекlуэкlхэм тыншу хэзэгъауэ купщlафlэу и Iэнатlэм пэрытщ.

Лъэпкъым, хэкум хуищlа Iуэхущlафэ дахэхэм папщlэ Тау Замирэ Щlыхь тхылъхэмрэ дамыгъэ лъапlэхэмрэ мызэ-мытlэу кратащ.

* * *

АДЫГЭ Республикэм щlыхь зиlэ и журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ и къудамэм и унафэщl **НэщIэпыджэ Замирэ Лиуан и пхъум** «Филолог. СМИ-м и литературэ лэжьакlуэ» Iэщlагъэр иlэу 2002 гъэм КъБКъУ-р къиухри, «Адыгэ псалъэм» лэжьэн щыщlидзащ.

Замирэ куэд щlауэ ядолажьэ КъБР-м, КъШР-м, АР-м, Краснодар крайм, Тыркум къыщыдэкl газетхэмрэ журналхэмрэ. Ар ятотхыхь хамэ къэралхэм щикъуэкъа ди лъэпкъэгъухэм. Тыркум, Израилым, Германием, Абхъазым, нэгъуэщl щlыпlэхэм щыlащ, хэхэс адыгэхэмрэ абыхэм я псэукlэмрэ ятеухуа тхыгъэхэр газет напэкlуэцlхэм къытрыригъэдзащ, телевиденэмкlэ нэтынхэр къигъэлъэгъуэжащ, и Iэдакъэщlэкlхэр тхылъхэм ихуащ. И лэжьыгъэ нэхъыщхьэм къыдэкlуэу, ар жыджэру хэтщ республикэм щекlуэкl жылагъуэ гъащlэми. Илъэс куэд щlауэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм хэтщ, абы и тхьэмадэм и къуэдзэу лэжьащ, иджыпсту Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэщ. Лъэпкъ Iуэхум теухуауэ зэфlагъэкlа, адыгэ дунейм къыщыхъуа Iуэхугъуэ гъэщlэгъуэнхэр зэрыт тхылъ зыбжанэм я авторщ.

НэщIэпыджэ Замирэ 2004 гъэ лъандэрэ Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ, ДАХ-м и ЩIыхь тхылъымрэ дамыгъэ нэхъыщхьэмрэ кратащ, КъБР-м и Парламентым, министерствэхэм, Жылагъуэ палатэм, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм я щlыхь тхылъхэр къыхуагъэфэщащ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ Iуэхущlапlэм ПИ № ТУ07-00117-м щlэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокl. (12+)

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщl-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.471 Заказыр №1920

ДИ ХЭЩlАПlЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цlэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщlанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А